

# Kesyon Ak Repons Sou So Yo

63-0324M

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 [Yon frè pale an lang. Yon lòt frè bay yon entèpretasyon. Kongregasyon an priye byen fò-  
Editè a.]

Papa nou ki nan Syèl la, nou genyen W rekonesans tout bon poutèt tan sa a ke nou  
ka kominye ankò alantou Pawòl Bondye a, nan Prezans Bondye. Nou remèsye W sitèlman  
paske W avèk nou, maten an, pou ede nou e pou beni nou. Nou mande padon pou peche nou  
yo, pou ke lanp nou yo ka ranpli ak Luil, epi netwaye epi limen, pou ke Ou ka itilize nou pou  
onore gran Non W lan. Paske nou mande I nan Non Ptit byenneme Bondye a, Jezikri. Amèn.

Nou mèt chita.

2 M te jis ap antre lè mesaj sa a te bay. Alò mwen se...Se vre ke nou bezwen lanp nou yo  
ranpli, gade...Ou konnen, lè...Antan w ap boule, ou pa ka repoze sou sa w fin fè, kounye a.  
Ou wè? Paske, dife a, k ap boule ak luil la, fè yon depo kabòn. Alò se pou rezon sa a ke  
netwayaj la...lanp nou dwe netwaye, akoz kabòn lan ki anlè tèt mèch la--la. Anpil nan nou  
moun ki gen laj mwen, lè nou te abitye itilize lanp ak kewozèn, ou wè, yo...Li--li te--li te gen  
yon depo kabòn sou tèt li, kote pou l te limen an, e kidonk li te konn twouble limyè a. Kifè nou  
dwe netwaye tout kabòn lan, epi pou nou ka "kontinye avanse, vè mak vokasyon selès la nan  
Kris."

3 Kounye a, se yon--se yon gran, maten mèveye, li fè deyò a epi anndan, kòm sezon Pak la  
ap apwoche la.

4 E--e n ap rive kounye a nan dènye So a, aswè a, si Seyè a vle. E se yon So trè, trè, trè  
mysterye, paske Li pa menm--Li pa menm mansyone nan Lèzekriti okenn kote, pa gen okenn  
senbòl, okenn bagay pou kenbe. Sa dwe soti dirèkteman nan Syèl.

5 E se--se yon--yon jan de moman eprèv pou mwen. Se sa I te ye, tout semenn lan. Kounye a sa se...se uityèm jou m nan yon sal. E mwen remake isi a la, anpil, nan rekèt sa yo, ke mwen te dwe fè yon chwa. Te gen anpil ladan yo ki te vle entèvyou. E mwen--mwen renmen sa. M ta renmen bay sa kounye a, ou wè, men m--m pa kapab kounye a menm. Paske, nou konprann, ke tout sa n ap eseye fè kounye a se jwenn revelasyon volonté Seyè a, ou wè. Kifè lè w jwenn entèvyou a, alò li atire w, bò kote yon lòt bagay, ou wè.

6 E, alò, e tankou lapriyè pou malad yo, se diferan tout sa ansanm. Nou...Se vizyon ak bagay yo; ou etidye yon fason diferan, epi ou--ou wen yon fason diferan. Se jis tankou Bib la di la: "Yon--yon pyebwa ki plante toupre yon kouran dlo." "Kouran dlo," ou wè, menm dlo a, men gen yon branch ki sot nan direksyon sa, direksyon sa, epi direksyon sa. Sa depan de ki branch. Se menm Lespri a.

7 Pòl, nan Premye Korentyen 12, te fè menm bagay la, lè I te pale sou sa: "Genyen anpil don, men se menm Lespri a."

8 Alò, ou wè, si w ap travay, tankou, avèk yon sèl bagay, epi ou dwe chanje pou w vin sou yon lòt bagay pa bò *isi* a. Nou konn sa m vle di. Ou--ou fin etidye sou liy panse sa, ou arive fè moun yo...E kounye a kè yo tou prepare: "Kisa So sa yo ye?" Ou kapte atansyon yo: "Kisa sa ye?" Sware pa sware, lè m antre isi a, gen yon tèl tansyon, jouk m oblige pale sou yon lòt bagay; jis on jan pou fè--fè I kalme, ou wè, e, alò, jouk Sentespri a brize So a. E alò--alò mwen dwe fè sa, chak swa konsa. Kifè lè w chanje sa pou lagerizon oswa yon bagay, ou wè, ou...Moun yo tou fin fikse sou yon sèl bagay. Se apèn si w ka chanje I pou yon lòt sijè, touswit.

9 E--e alò, menm jan an, antan m konnen ke dirèkteman nan mitan nou la gen bagay k ap pase, ou wè, ke mwen--mwen jis...mwen--mwen konnen. M konnen nou--nou pa wè I, ou wè. Mwen jis sèten nou pa wè I, ou wè. E ou di: "Frè Branham, sa se yon bagay ki di pou w deklare sa." Mwen konnen se sa.

10 Men, gade, jis pèmèt mwen jis di sa kounye a. Mwen sipoze ke sa ap anrejistre pou noumenm, e latrife. Men kite m di sa, ou wè. Sa, nou--nou pa...Nou pa sezi I, ou wè, e nou pa sipoze sezi I. Kifè piga nou eseye entèprete anyen, ou wè. Piga n eseye mete pwòp entèpretasyon nou ladann; nou sèlman--nou sèlman ap elwaye nou. Jis pran konsèy mwen, si nou kwè nan mwen kounye a, si Bondye fè--fè m favè devan nou.

11 E nou konnen, ke, revelasyon sa yo ak lòt bagay. Mwen--mwen avèk nou isi a depi yon bon bout tan, ou wè, e sa te toujou jis. E kounye a pou pwouve sa doub fwa, ke li jis, li konekte ak Pawòl la. Ou wè? Alò, nou konnen Sa se MEN SA SEYÈ A DI. Se egzak. Ou wè, Sa pwouve devan nou.

12 Kounye a pran konsèy mwen, kòm frè nou. Piga n mete pwòp entèpretasyon nou nan anyen. Jis kontinye viv lavi yon bon Kretyen. Paske nou sèlman ap detounen tèt nou de vrè bagay la lè nou fè sa. Ou wè? Nou, nou jis ap elwaye nou ankò plis de bagay la.

13 E nou tout konsyan e nou konnen gen yon bagay misterye k ap pase. E l ap pase. E mwen konnen kisa l ye. Bon, m p apjis ap di sa; se gras Bondye ki pèmèt mwen konnen kisa li ye. Se yon bagay ki mèveye. E li pati kounye a, e pa gen okenn fason nan mond lan pou nou wè l. E se...mwen...Men, alò ede m, avèk Bib sa nan menm, mwen konnen kisa l ye. Yo te di nou sa, anvan. Alò jis--jis piga nou eseye mete okenn entèpretasyon, men jis kwè nan mwen, kòm frè nou. Ou wè? N ap viv nan yon gran tan. N ap viv nan yon lè kote...Ebyen, nou...

14 Bon, jis rete vrèman enb, demere yon Kretyen, epi eseye viv pou Bondye. Epi viv onètman avèk pwochen w, epi renmen sila yo ki pa renmen w. Piga w eseye fè okenn...Ou wè, sinon, ou jis ap eseye fè de sa yon bagay misterye, epi w ap gache vrè pwogram Bondye a. Ou wè?

15 Yè apremidi, yon bagay te pase nan biwo m lan, ke m p ap--m p ap janm kapab detache m de li, ou wè. E alò ou...E sa fè apeprè de semenn, yon bagay te pase, li p ap janm kapab...Toutotan ke m ap viv sou tè sa a, mwen--mwen p ap janm kapab elwaye m de li, ou wè. E, alò, men...

16 E legliz la-la, nou pa sipoze konnen bagay sa yo, alò pa mete okenn entèpretasyon nan anyen. Ou wè? Jis kontinye wout ou epi jis sonje sa yo di w. Viv yon vi Kretyen. Al nan legliz ou. Se pou w yon vrè limyè nenpòt kote w ye, epi jis boule pou Kris, epi di moun yo ki jan ou renmen L. Epi se pou temwayaj ou jis akonpaye ak lanmou, tout tan, avèk moun yo. Ou wè? Paske, si w pa fè sa, w ap mele kò w nan yon bagay la, epi ou--ou soti nan santye bati a. Ou wè, toutotan ou eseye fè l, ou fè sa. Ou wè? Alò jis piga w, piga w, piga w eseye fè okenn entèpretasyon.

17 Epi espesyalman, aswè a, lè So sa prezante devan w, ou wè, jis pa eseye entèprete L. Jis kontinye wout ou epi jis rete enb, epi kontinye mache ak menm Mesaj la senpleman.

18 Kounye a ou va di: "Frè Branham, èske sa...Nou, ki se Legliz Bondye vivan an, èske nou pa ta dwe..."

Ebyen, kòm mwen t ap eseye...Gade la, mwen vle di...

Ou ka di: "Ebyen, poukisa m pa kapab? M ta dwe..."

Non. Kounye a, piga w fè sa.

19 Sonje, m ap di sa pou byen nou. Ou wè, m ap di sa pou n ka konprann. Si nou kwè nan mwen, kounye a, koute sa m di nou. Ou wè? Ou wè?

20 Kounye a, isi a, bon men yon pòs, e, sa se, nou va rele sa yon pòs dekout, ou wè. E ladann, ou gen radyo, ou wè, epi gen anons ak lòt bagay ki ka fèt. Tankou yon epe nan men w, ou wè, li ka kapte mal la oswa kapte sèlman kòm si se...li resevwa mesaj li, ou wè.

21 Bon, men kounye a, pa egzanp, pou nonm òdinè a, te sitèlman gen sèk ak klan ki te leve, anba ti devèseman Lespri a, jiskaske moun yo vin melanje nan yon bann bagay, yo soti epi y al komanse yon lòt ti mouvman, e, ou konnen, ak--ak bagay konsa. Ou wè? Ou pa vle fè sa kounye a. Ou wè? Kounye a, jis sonje, jis rete jan w ye a.

22 E ou va di: "Ebyen, Seyè a montre..." Non. Kounye a jis rete pridan, ou wè.

23 Gade byen. Kite m montre nou yon bagay, ou wè. Èske nou te konnen gen dimil vwa k ap travèse sal sa a kounye a menm? [Kongragasyon an di: "Amèn."--Editè a.] Vrè vwa moun k ap pase atravè ond elektronik radyo yo! Poukisa nou pa tandé yo? Se vwa yo ye. Se vre? ["Amèn."] Y ap deplase anndan isi a kounye menm. Ebyen, genyen moun, fòm ak kò k ap deplase nan sal sa a kounye a menm. Èske se sa? ["Amèn."] Ebyen, poukisa nou pa wè yo? Ou wè? Yo isit la, vwa reyèl tankou vwa pa m. Ebyen, poukisa w pa tandé l? Ou wè? Sa dwe antre an kontak avèk yon bagay an premye, pou revele li. Ou wè? Kounye a nou konprann? ["Amèn."]

24 Bon jis piga w entèprete anyen. Si Bondye vle w konnen nenpòt bagay, Li va voye l pou ou. Ou wè? Alò jis rete reyèlman, reyèlman fèm kounye a. Kenbe fèm, gen yon bagay ki sot pase. E kounye a jis rete reyèl...Ou konprann sa m vle di, èske w pa konprann? [Kongregasyon an di: "Amèn."--Editè a.] E jis rete...Piga w eseye rann tèt ou biza, pou w ka yon Kretyen, paske ou ap--ou ap elwaye tèt ou lwen Bondye. E ou--ou--ou...

25 Si nou ka konprann li, se Twazyèm Poul sa a. Ou wè? nou--nou te dwe sezi sa, lòt jou. Ou wè? Kifè donk, jis sonje, p ap gen okenn imitasyon tankou jan l te fèt pou de lòt yo. Ou wè? Alò, se osi lwen ke nou--nou te dwe konnen kounye a. Jis--jis sonje ke...

26 Ou wè, kounye a, gen yon bagay k ap pase nan sal sa a, e gen yon Bagay isi a. Gen yon--gen yon bagay, reyèlman, nan sal sa a, Zanj yo, Vwa Bondye. Ou wè? Men kouman nou fè...Nou pa kapab...Si nou pa ka tandé vwa natirèl la, san pa gen anyen pou voye l, kouman nou pral fè tandé Vwa espirityèl la?

27 Bon ou ka fè sanblan w kwè ke gen yon moun k ap chante tèl chan. Yo ka pa menm la, ou wè. Men lè sa antre reyèlman an kontak ak kristal ke l sipoze antre an kontak la, alò sa bay

yon vrè entèpretasyon, epi li montre, li konfime I lè I montre imaj la. Nou wè sa m vle di? [Kongregasyon an di: "Amèn."--Editè a.]

28 Bon, Lespri Bondye, lè L pale atravè vrè Pawòl la, Li konfime tèt Li, pou montre Limenm, ke Se kòrèk. Nou konprann kounye a? [Kongregasyon an di: "Amèn."--Editè a.]

Kounye a annou lapriyè, jis ankò.

29 Papa nou ki nan Syèl la, nou prèske kon-...louvri Liv sa a, e sa se pati fizik la lè n ap eseye rebay sa Ou te louvri pou nou nan domèn espirityèl. E kounye a mwen priye, Bondye, ke Ou va ede m pou m bay entèpretasyon kòrèk a kesyon sa yo. Pou ke yo ka di ke--ke yo se...Yo la pou ede moun yo. Yo la pou ba yo konpreyansyon. E mwen priye ke Ou va ban mwen konpreyansyon, pou ke mwen ta ka voye Li bay pèp Ou, pou ke yo ta ka gen konpreyansyon, pou ke ansanm nou ta ka viv pou laglwa ak lonè Bondye, nan Non Jezikri. Amèn.

30 Kounye a, mwen te jis vle di sa.

31 E mwen te panse bagay sa *isi* a te kontwole anrejistreman kasèt sa yo, men se pa sa, ou wè. E sa se yon--yon lanp pou biwo. E mwen te panse bagay ki kontwole anrejistreman kasèt la te konn abitye isi a la. Men yo te di m pou m jis fè siy bay frè yo nan--nan sal la la a, sal anrejistreman an, e yo va konnen kilè pou yo rete anrejistreman kasèt yo, e kilè pou yo pa fè l.

32 Ou wè, kasèt yo gen yon ministè mondal toupatou, ou wè, toupatou. Li tradwi nan tout kalite lang ak tout bagay. Alò gen bagay ke nou ta di isi a menm, nou pa t ap di yo lòt kote, ou wè, e se pou rezon sa a ke nou rete l.

33 Bon, reponn kesyon se...tout yon bagay. Alò, mwen--mwen...Nan--nan...nan reponn sa, majorite nan kesyon yo, andeyò de...Kounye a, yo chak...Kèk ladan yo pa menm gen anyen pou wè ak Mesaj la, ditou, men mwen pral, oswa, So yo ditou, men m pral eseye reponn yo. E yo te remèt mwen yo, e jan yo te di yo a. E yo te di m majorite nan yo. Poutan, yon gran pati nan yo konsène rekèt pou lapriyè, epi malad yo ak aflije yo. E--e diferan bagay konsa, e latrìye, e kifè sa pat gen anyen pou fè ak okenn kesyon pou te reponn. Epi yo...Yo te ban m yon pakèt ki te--ki te konsène diferan bagay, Lekriti ak lòt bagay; men petèt, si nou gen tan, nou va eseye reponn yo omye ke n kapab. Bon, si m fè yon erè, ebyen, sonje, se pa nan entansyon m pou m fè erè.

34 Alò èske tout moun santi yo byen? [Kongregasyon an di: "Amèn."] Amèn. Èske sa pa alò...Pale de plas nan Syèl la nan Kris Jezi, ala yon plas mèveye, ala yon tan mèveye!

35 Pami tout tan kote m te trouve m dèyè chè a nan tabènak la, mwen pa janm, janm, a okenn moman nan ministè m, travay nan domèn Bondye a ak nan domèn espirityèl tankou jan mwen fè I fwa sa a; sa depase tout sa m déjà fè nan ministè m, tankou sa, nenpòt tan, nenpòt reyinyon nenpòt kote. Pi souvan, se sou zafè lagerizon. Sa se sou zafè revele Verite yo, pa menm Lespri a, menm Lespri a.

36 E mwen--mwen te sèl pou kò m, nèt, epi m te nan pansyon yon kote, oswa m desann pou m al manje yon kote. E m jis te pou kò m, alò se te reyèlman on bèl moman.

37 E kounye a, touswit, se oswa nan maten, oswa nan demen maten, mwen...Pwobableman, si nou ka fini atan, m ap jis priye pou malad yo maten an, si kesyon sa yo pa dire two lontan.

38 Alò mwen--mwen dwe pran yon ti tan pou m retwouve m, ou wè. Lespri imen an pa ka sipòte anpil. Ou wè? E lè w rive nan yon pwen kote w chita pandan inèdtan, ou paralize ak Prezans Bondye, ak yon Kolòn Dife pandye la devan w, ou--ou pa ka sipòte sa trè lontan, ou wè. Èt imen an pa kapab, li pa ka sipòte l.

39 E alò, kounye a, kesyon sa yo vrèman bèl. Mwen apresye, epi prèv de sajès ak lòt bagay ke moun yo fè. Kounye a, pou premye a. E m pral eseye reponn yo. E si m--si m pa fè I kòrèkteman, ebyen, padonnen m alò.

40 E si w genyen yon lòt entèpretasyon, epi w kwè ke lide w kòrèk sou sa, ebyen, jis kontinye sou wout ou. Sa p ap fè w mal, paske pa gen plis ke youn oswa de ki gen anyen pou wè avèk sali. Se sèlman...

41 Pi fò kesyon, ki poze yo, se sou lòt kote tri--...oswa sou Lanlèvman Legliz la. Alò, ou wè, se kesyon sou laba a, ki gen pou vini e ki va akonpli, yon lòt moman. Paske, nou depase laj legliz yo kounye a, dapre ansèyman nou, nan--nan Liv la. Nou lòt kote a, nan tan apèl sankarantkat mil yo. Kounye a men premye kesyon an:

**173. Èske senk vyèj saj, nan Matye 25 yo, se patisipan nan Le--Lepouz, oswa èske yo se Lepouz? Ou wè? Si vyèj saj sa yo se patisipan nan Lepouz, kote Lepouz?**

42 Ou wè, bon, ak meyè konesans mwen, senk vyèj sa yo...Yo te dis, ou konnen, ki te soti, ou wè. E sa la se sèlman on senbòl, oswa on parabòl, ou wè, sa--sa m pral di w li. Ou wè, yo te dis. Natirèlman, yo te plis ke dis. Se te jis pou te fè yon nonb. Men, la, vyèj saj yo--yo te gen Lwil nan lanp yo. Sa ki pa saj yo pat gen Lwil nan lanp yo.

43 "Kifè si dis sa la, nan Matye a, si..." Sa se kesyon moun lan--lan. "Si dis sa yo, la, èske sa te vle di ke sa ta pral...oswa senk sa yo, pito, sa va jis senk, ou wè, jis senk moun?" Non, li pa vle di sa.

44 Se jis on senbòl, vyèj yo, ou wè, vyèj yo ki te soti avèk Lwil nan lanp yo. Yo se on pati de Epouz sa. E dapre konpreyansyon pa m...

45 E alò ou remake, kounye a, ke se te vyèj dènye vèye a. Ap desann atravè veye yo, te gen sèt veye. E nan setyèm veye a, moman minwi an, pandan n ap frape I kounye a, ou wè. Bon, nan moman veye minwi sa, vyèj sa yo te leve pou yo prepare lanp yo, e y te antre; pandan ke vyèj andòmi yo...

46 "Kounye a pòsyon sa la, senk sa yo," si se sans kesyon an, ki siyifikasyon, "èske se te jis senk?" E nou gen anpil kesyon la, konsènan sèt mil yo--yo, elatriye. Bon, sa, se te jis on senbòl, on pati nan yo. E tout sa ki te reveye nan dènye aj sa isit la, setyèm veye a, ke..."Si pat gen lòt ke--ke senk ki te reveye nan moman sa, ki te anlve, pou antre avèk Lepouz, elatriye, Epou a? Kounye a si yo yomenm..."

47 Sa pa vle di pral gen sèlman senk. Paske yo te andòmi, atravè tout aj yo ap desann; alòske n ap vini semèn sa, ou wè.

48 Nan tan Pòl la--la, anj legliz Efèz; Pòl, t ap fonde legliz sa, poutèt li te mesaje li. Sonje, Pòl, t ap fonde legliz Efèz, li te vin mesaje pou legliz sa. E Lespri, ki te nan peyi a nan moman sa, se te Lespri Lyon. E Lyon an se Lyon tribi Jida, ki se Kris, e Kris se Pawòl la. Pòl, avèk Pawòl aj sa! Dè milye te tonbe andòmi nan aj sa. Se vre? /Kongregasyon an di, "Amèn." --Editè a./

49 Apre sa lòt aj te vini, e menm kote legliz te etabli I nan--nan aj tenèb, espri bèf la te soti; zèv, travay, ak sakrifis, ap bay vi yo. Dè milye fwa de milye te tonbe andòmi, matirize yo epi tout lòt bagay. Yo ap tann, ou wè.

50 Apre sa, pwochen aj la te vini, Literyen yo, aj refòm lan. Men pi saj yo ki te ale, avèk entèlijans lòm. Si nou remake, lòm te avanse avèk sa, e, kan I te fè sa, li te ajoute pwòp entèlijans li. Se sa ki te lye I avèk lòt pati a, ou wè. Ou wè? Si li te jis rete avèk sajès Bondye, jis ap refòme epi ap tire fè soti...Men kisa I te fè? Apre nonm sa te gen mesaj la, Luther; apre lanmò Luther, yo te gen yon òganizasyon Literyen.

51 Apre lanmò Wesley, yo te gen on òganizasyon Metodis. Ou wè? La, ou te kontinye nan vwa sa. Se--se jis...Li te fè sa. Kounye a m vle ke ou--ou--ou remake sa, ou wè. Bon on moun ka mande apwopo Pannkotis yo, ki se te--twazyèm aj la--la.

52 Ou wè, yo chak aj sa yo te sèlman fè on plonje nan Sentespri a. Jistifikasyon se yon èv Sentespri a; sanktifikasyon se yon èv Sentespri a; men batèm lan se Sentespri. Se pou rezon sa sa pran yon Pwofèt pwofetik pou desann. Pa mesaje pou aj la, paske Sentespri a te vini Limenm, nan plenitud, batèm Li.

53 Men lan fen aj la, jan li toujou fini pou lòt yo, nou jwenn la, apre sa, mesaje ki te voye a. Epi tout fabrikasyon sa yo ak bagay ki te dwe mete pou ranplase yo konsa, alò Anlèvman te vini pou Legliz.

54 Men te gen tèlman ki t ap anpile tout diferant bagay sa yo, "Solèy la te tounen tenèb, lalin lan..." Yo te mete sa byen lyen dèyè la nan aj Kretyen an. Yo jis echwe pou wè twa kesyon yo te poze Seyè a la, ou wè, kan L te reponn yo.

55 Bon, yèswa, m panse pa gen okenn kesyon ditou. Nou te pran chak kesyon sa yo pou te mete y drèt anba So yo. E So yo se tout Liv la Limenm, ansanm an antye.

Ou kwè sa, doktè? /Yon frè di, "Wi."--Editè a./

56 Ou wè, tout bagay te jis makonnen ansanm. E nou te pran sa Jezi te di la. Yo te mande twa kesyon, ou wè, "Kilè bagay sa yo va fèt? Kisa ki va siy Vini W lan? E kisa ki fen mond lan?" E Li te vini drèt ap desann...E nou te rale yo, yo chak, soti la, eksepte youn. Kisa sa te ye? Setyèm So a. Poukisa? Ou wè, yo pa konnen L. Se tou. Yo chak te devwale dirèk. M te konpare yo, jis egzakteman, ale tounen.

57 E, mwen menm, kan m t ap ekri yèswa, e ke m te antre la e m te gen pou...M te retounen ap gade ansyen nòt mwen te pran--te pran lontan la. Ebyen, m te wè kote m te mete youn nan plas lòt, konsa. M te kwaze yo, ale tounen. Se sa m te fè. M kwè w te sezi sa. Ou, ou sezi l? Ou wè?

58 Mwen te ekri la sa m ta pral ekri sou lòt kote sa, epi m te ekri l bò isit la. M te mete--te mete toulède, 9, 11, oswa 9, 6 oubyen sa...oubyen 6 ak 11, e--e 9 ak 11, ki pat sa. Se te le kontré, pwochen vèsè anba l la. Ou wè? E se te li, repons lan--lan, ant fleyo yo e gè a, ou wè. Se la l te ye.

59 Konsa m te jis tèlman kontan! M te jis ap konpòte m tankou on--on...M te jis ap rejwi m nan estimilasyon ki soti nan revelasyon. Kifè, mwen--mwen te mete l, sa la a. Te chita la ak on kreyon, oswa on plim, e m te make 11 nan toude kote yo, alòske li pat sa. M kwè ke se te 9 olye de 11 pou lòt kote a.

60 Men kounye a èske te wè kouman yo te konpare pafètman? Bon, pa bliye sa. Yo te konpare pi ba ak Sizyèm lan, epi li te stope, ou wè. E obsèv--obsèv ouvèti So yo; sa te abouti a Sizyèm lan, epi li stope. Jis, "Silans nan Syèl la," Se tout sa ki te di, "pandan on peryòd de yon demi è."

61 Bon--bon, nan sa yo, ou wè, mwen...M pral oblige depeche m pou reponn sa yo. Paske, ou wè, yo chak se on sèmon, de kat semèn, ou wè, sou--sou yo chak, epi ou jis tonbe sou yon

lòt bagay. Men mwen--mwen pa gen entansyon fè sa, paske m vle trete kesyon tout moun, toutotan m kapab.

62 Vyèj sa yo, ou wè, yo te fèt avèk..Se jis on pati nan yo, nan aj sa, ou wè. Chak aj gen vyè li. Ou wè? Yon--yon So...

Anj lan vin jwenn legliz la. "Ekri pou anj legliz Efèz la." Ou wè?

63 Apre sa vin la, apre sa se lèt pou legliz Efèz la, retounen konpare sa, yon So louvri. Se jis fason ke nou prezante I, ap eseye pote I ba ou okonplè (ou wè sa m vle di a?), si Seyè a vle.

64 Kisa yo t ap genyen dabò? Aj Legliz yo. Se sa? Pwochen bagay la, mesaj pou aj legliz yo. Tout moun sezi sa klè kounye a? Ou wè?

65 Dabò, nou te gen aj legliz yo, epi nou te gen listwa, ki te devwale konsil Nise ak konsil pre-Nise yo, ak tout sa nou te ka dekouvri nan listwa, pou nou te jwenn ke entèpretasyon kòrèk Pawòl la te egzakteman dapre listwa. E nou te mennen I desan jiska jodi a, nan Lawodise sa. E ou--ou pa oblige gen istwa sa; istwa ap ekri kounye a menm, ou wè. Men ni. E, apre sa, li te montre sa aj sa ta pral ye.

66 Kounye nou retounen ak So yo, pou louvri So sa. Bondye louvri So sa pou nou. Kisa sa ye? Dabò, gen on mesaje, aj legliz; answit se Sèt So yo.

67 Kounye a, nou dekouvri kòripsyon ki te frape nan setyèm aj legliz la. Men Setyèm So a pa revele anyen, sou sa ki ta pral rive. Ou wè Paske, alafen aj legliz sa yon don pwofetik gen pou vini pou revele bagay sa yo. Ou wè? Èske n ap swiv sa? /Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a./ Dakò. Bon remake kounan yo chak nan So sa yo...

68 Apre sa m te vin isit la, ak twa kesyon sa yo yo te poze Jezikri, "Kisa, kilè bagay sa yo va rive, 'Pap gen on wòch ki ap rete sou lòt? Kilè yo pral met sa atè, sant reliyion mond lan, epi pou yon lòt tabli? Ou wè, kilè sa ap fèt" Antikris la ap galope! Ou wè? E kisa ki te soti pou al rankontre I? Pawòl la, Pawòl la kont pawòl.

69 Apre sa li te tabli nan politik ak tout lòt bagay, e men travay bòf la ki te soti. Ou wè? Se egzakteman dezyèm lan la. E Jezi te di sa, nan Matye 24, ou wè. Apre sa nou te desann plis apati de sa, nan riz refòmatè yo, Èt ak vizaj dòm lan te soti pou rankontre I. Se sa ki te rive. Answit nou te desann, pwochen an, nan Katryèm So a, kan antikris la te vin yon bann melanj, e te gen on non, "Lanmò."

70 Kounye a obsève sa Jezi te di, "E li va jete I nan dife, e li va menm touye pitit li yo." Sa se lanmò, ap galope. Sa se toulède Pwotestan ak Katolik, mak lanmò sou yo chak. Ou wè,

“Limenm ak pitit li yo te detwi.” Kifè si w depann de denominasyon w, ou ta fè mye pou elwaye w de sa kounye a menm.

71 Epi lè li kesyon de Setyèm So a, Jezi te rete la menm. Li te louvri Sizyèm So a, lè li di: “Lalin lan va tounen san, ak tenèb ak tout bagay.” Bagay sa yo ta gen pou rive. Nou rive la dirèkteman epi louvri Sizyèm So a. Lè Sizyèm So a fin louvri, alò nou retounen dèyè epi nou montre menm bagay la.

72 Men ni, ak twa plas diferan nan Lekriti, nou lye yo ansanm avèk revelasyon an. Ou wè? Obsève. Plas kote Jezi te di sa; plas kote lè Li te louvri Liv la, li te kache depi fondasyon mond lan; epi revelasyon nan jou jodi a, ki plase l drèt anndan an la, lye yo touletwa ansanm. E twa se yon temwen. Alò, se laverite. Se absoliman laverite.

73 Kounye a, vyèj sa yo ki vin isit la, yo se sila yo ki tonbe andòmi yo, epi kò a an antye konpoze ansanm ak gwoup sa. Sa pati pou fè...ou wè, pou fè vyèj saj yo. E vyèj ki pa saj yo se sila yo ki konmanse laba an menm tan ak vyèj saj yo, ak antikris la, e yo se sila yo k ap eseye achte Luil.

74 Kounye a jis gade byen epi wè kijan li pafè, tout kote w ale. Si m te ka kanpe isit la epi revele bagay ki te revele nan sal sa a, m ap di w, sa t ap fè tèt nou tounen anwon. Men kijan pou n ta fè sa, alòske nou genyen tout bagay la isi a?

75 Epi nou, yon fason oswa yon lòt, lè w elwaye w de moun yo, alò li konmanse louvri mistè yo. Alò ou wè bagay ke ou p ap oze di moun yo, tou. Paske, ou wè, si sa ta fèt, sa t ap konmanse ti ism.

76 Epi ann gade kisa ti don gerizon sa fè, kijan sa te mete legliz nan konfizyon. Chak moun te gen yon sansasyon, chak moun te gen sesi; epi desann jouk nan fon kè m, (Bondye konnen se laverite), mwen konnen ke sa pat kòrèk, paske Li te di m sa. Ou wè? Men se yon fo imitasyon, pou sèlman fè moun yo devye. Bon, se kòrèk. Bon, men, ou wè, ou pa ka di bagay sa yo. Se mye nou jis lese sa trankil.

77 E nou sonje Twazyèm Poul la? Li di: “Piga w di pèsòn moun.” Kisa m te di sa te ye? Konbyen moun ki sonje sa? Se sèten. Sonje, antan m te kanpe la, m t ap eseye mare lasèt sa a nan ti soulye sa a, nan vizyon an? Li di: “Ou pa ka anseye ti bebe Pannkotis bagay sinatirèl.”

78 Mwen di: “Sa pral Twazyèm Poul la, e Li p ap piblik, mwen afime sa, ak gras Bondye.”

Bon--bon, nou--nou dirèkteman nan fen tan an kounye a. Sa p ap pran anpil tan kote Syèj Mizerikòd la pral vini Syèj Jijman an. Pandan w wè bagay sa yo ap vini, ak moun sa yo k ap antre, ou va fè mye antre, tou, si w pa deja antre. Ou wè?

79 Kounye a, "Rasanble nan lye Selès yo," ou wè, sa vle di plis ke jis ap rejwi. "Nan lye Selès yo," si nou vrèman rasanble nan Kris, se yon bagay ki ba w lakrent.

80 Antan m kanpe bò kote...Anj Seyè sa a, ou panse ou ka jis ap rele epi kriye. Sa, se pa sa. Sa fè w pè amò, prèske. Ou wè? Kifè, ou wè, gen-gen yon diferans ant jis rejwisans ak bouyonnen ak lajwa, ki kòrèk, epi rive nan vrè bagay la. Ou wè? Ou wè? Men kote lakrent la ye. Se yon bagay ki fè w gen lakrent. Se pa paske ou krenn pou w pa pèdi; men vrèman nan prezans Èt anjelik, ak Sentespri a Limenm ki kanpe la.

81 Bon, sa pral fè pati Lepouz la. Se sa ki pral konpoze I, ou wè, tout sila yo k ap dòmi yo. E èske nou pa ka absoliman wè...

[Sistèm anrejistreman kasèt yo tonbe an pàn. Espas vid sou kasèt la--Editè a.]...priye kounye a pou ke Ou akòde moun yo lagerizon, atravè mouchwa sa yo, ki va poze sou yo. Nan Non Jezi. Amèn.

Bon, èske tout bagay kòrèk kounye a? [Frè yo di: "Amèn."--Editè a.] Mèsi. Gen yon moun ki pile yon bagay? [Yon frè di: "Gen twòp moun k ap anrejistre sou liy sa a."] Twòp moun k ap anrejistre mete twòp presyon sou li. Ou wè? Trè byen, jis chanje. Jis pran yon kasèt epi chanje kasèt la, epi fè yon kopi avèk li. Bon, remake pwochen kesyon an kounye a.

#### **174. Èske evanjelis yo dwe kontinye nan chan an?**

82 "Nan moman sa," natirèlman, kisa yo vle di. Sètènman, nan tout sans. Pa chanje yon sèl bagay. Si Jezi ap vini nan maten, preche jodi a kòm si se te dizan apati de jodi a, men viv tankou sa ta pral rive nan moman sa.

83 Piga--piga w fè sanblan kounye a. Se konsènan sa m ap eseye avèti w la, ou wè. Jis piga w biza, apa. Pa chanje anyen. Men si w ap fè yon bagay ki mal oswa w ap fè mechanste, repanti w, ou wè, retounen vin jwenn Bondye. Kontinye sèvis evanjelik ou yo jis tankou w te konn toujou fè.

84 Si w ap bati yon kay, monte I. Jezi ap vin demen, ke yo jwenn ou fidèl nan pòs ou. Si w ap bati on legliz, kontinye, monte I. M ta prefere mete lajan m nan yon bagay konsa, ke pou yo ta jwenn mwen avè I nan pòch mwen. Ou wè?

85 Kifè jis--jis kontinye jan w ye a. Tout moun konprann sa kounye a? /Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a./ Kontinye toujou, epi jis kontinye avanse jan w ye a. Bon, jis--jis pa rete. Pa fè anyen...Jis kontinye avanse jan w ye a. Kontinye sèvi Seyè a.

86 Bon, pa egzanp, si w te--si w t ap travay pou yon nonm, e ou konnen rete kenz minit anvan demisyon w. "Ebyen," ou taka di, "uh, jis kenz minit de plis, kifè m ka jis al la epi ret chita " Ou t ap penalize pou kenz minit sa.

87 Si w ap plante ble; plante ble w. W ap detere pòm de tè; kontinye, detere yo. Ou di, "Ebyen, pèsonn pa pral manje yo"? Sa pa fè okenn diferans. Detere yo, kanmenm. Ou wè? Ya. Jis kontinye jan w ye a.

88 M resevwa yon lèt de yon moun lòt jou. Yon moun te di yo, te di, "Ebyen, tan an rive. Vann fèm lan. Paske ou pa pral bezwen manje ki pèmèt ou fè vi w, sou fèm lan," li te di, "poutèt Milenyòm sa pral kòmanse, e ke w pap bezwen l. Kifè jis fè sa...E pandan peryòd Tribilasyon an ap dewoule, timoun ou yo pa sove, kifè jis kite yo...Kite--kite timoun yo pran fèm lan, kote yo ka manje, men oumenm vann fèm pa w la," ak--ak, oswa yon bagay konsa. E, o, yo te gen odas...

89 M te di, "O, la la!" Si m ta konnen li ta gen pou L vini demen, epi m ta gen yon fèm, m t ap plante jodi a. Sèten. Si L te fèm yon kiltivatè, m ta pral rete drèt nan pòs mwen. Se sa. Si L te fè m yon mekanisyen, te di kilès...

90 Yon moun te di, lòt jou, li te di, "On zanmi te antre pou di, 'Ey, frè, ou konn on bagay?' Li te di, 'm pral ba w dezyèm kle rezèv mwen an. M te achte yon machin nèf.' Li te di, 'm pral ba w dezyèm kle rezèv mwen an, li te di pastè li. Li te di, 'm pral ba w dezyèm kle rezèv mwen an, paske Anlèvman ka vini, ou konnen, e,' li te di, 'm pap bezwen l ankò.'" Pastè a ta pral rate l, ou wè. O! Sa se prepare a, se pa vre? Dakò. Men se--se konsa sa ye, ou wè, nou pa dwe aji fason sa.

91 Nou dwe yon--yon Kretyen rezonab, solid, ou wè, se pou sa yo mete la ap travay jouk nan dènye minit. Mwen gen on travay pou m fè, yo va jwenn mwen fidèl nan pye travay mwen. Si L gen pou L vini maten an, m vle retwouve m drèt la sou chè a.

92 Ou di, "Frè Branham, si L ap vini maten an, èske w pata dwe deyò la?" Non, mesye!

93 Sa a se pòs devwa mwen. M va kanpe drèt la, ap preche, kan L ap vini, pou ap di menm bagay yo. Alò, kan L va vini, m va jis bouje dirèk ale avè L, ou wè.

94 Si m ap sakle pòm de tè, m va jis kontinye sakle, jis pi rèd mwen kapab. Kan L va vini, m va jis lage pikwa a pou m dekole.

Sonje nan ane jibile a? Si yo t ap laboure--ap laboure ak pikwa, yo te jis kontinye ap laboure. Yo te konnen ane jibile a se te petèt yon lòt dis minit de plis, e twonpèt la ta pral sonnen ane jibile a. Yo te jis kontinye ap lanse fwen pou bèf, kèlkeswa sa yo t ap fè a. Men kan twonpèt la te sonnen, alò y te lage fouch ak dan yo, epi al fè wout yo. Ou wè? Se sa, jis kontinye ap lanse fwen jouk twonpèt la sonnen. Dakò.

/Yon bwi te fèt apati de yon bagay toupre--Editè a./ Kesyon, "Dapre ouvèti..." Èske sa...? Gen on bagay ki rive? Huh? Sa--sa fè yon bwi anwo la. Yon kesyon:

### **175. Dapre ouvèti Senkyèm--Senkyèm So a, Moyiz ak Eli dwe--dwe mouri. S ak rive pou Enòk?**

95 M pa konnen. Ou wè? Mwen--mwen Si m pa konnen, m va jis di w ke m pa konnen. Ou wè? Mwen--mwen pa--mwen pa gen tout repons yo, zanmi. M--m pa konnen. E si m pa konnen, m ap di w m pa konnen. Si m konnen...M pap di w jiskaske mwen konnen, ou wè. Men mwen--mwen pa konnen.

96 M te souvan ap kesyone tèt mwen sou sa. Te gen Enòk ... Mwen wè Moyiz vini, epi Eli retounen, epi yo te touye yo, ou wè, men kounye a Enòk te anlve anvan sa. M te souvan panse, e ap mande m, "Bon, se kisa, kisa sa ye?"

97 Men, kidonk, men sèl konsolasyon ke m ka di, se sa. Koulye a remake, Moyiz te sèvi Bondye sèlman pandan karant an. Ou wè? Li te yon-li te gen san ven lane. Men ven lane ... premye karant an, m vle di, li tap resevwa edikasyon I. Se vre? dezyèm karant an an, Bondye te retire I nan li. Epi twazyèm karant an an, li te sèvi Bondye. Ou wè? Se sa. Men, Enòk te mache senksan lane devan Bondye, e I te san repwòch. Ou wè? Ou wè? Konsa, Moyiz retounen pou sèvi kèk tan ankò; li menm ak Eli.

98 Kounye a, sa a, m pa di ke se sa, ou wè. M jis ba w sa a pou yon panse, ou wè. Men jis pou di ki pati, m pa konnen. M reyèlman pa ka di w sa-sa k te pase la a, oswa sa Bondye pral fè.

### **176. Ki sa ki - non an ... ki pral sou moun nan Revelasyon 3:12?**

99 M — m pa konnen. Ya. Li te di, "ba yo yon nouvo non." M-m-m pa konnen ki sa sa ye, ou wè. Nou pral konnen I pwobableman lè n rive la ba a, men m-m pa konnen ki sa l ye kounye a, ou wè. Gade, Li pral fè sa. Ou wè? Li ba yo yon nouvo non ke—ke yo jis konnen, yo menm. Ou wè?

### **177. Kounye a, frè Branham, èske gen yon ekriti ki pèmèt maryaj apre divòs? Sa enpòtan anpil.**

100 Li di, "Enpòtan." Bon, se rezon sa a ... Li pa t pèmèt pou ke yo te fè sa. Pou jan m ka wè I, frè m ', oswa sè, nenpòt ki moun li ta ye a, pa gen okenn, sof si konpayon an mouri. Paske, Bib la te di, "Nou lye ak yo osi lontan ke yap viv." Ou wè?

101 Donk, pou sa ki gen rapò a "nenpòt ki ekriti a?" Se sa k te mande la a, "Èske gen ekriti?" Ou wè? "Èske gen nenpòt ki ekriti?" pa kouman m ka jwenn li, ou wè, kouman m ka jwenn li. Paske, Pòl te di ke-koup marye a, "Si konpayon an mouri, Lè sa a, yo lib Lè sa a, yo ka marye moun yo vle nan Seyè a." Men, depi lè sa a, men, gade byen, ou pran l ', "jouk lanmò separe nou." Se regle. Ou fin fè yon sèman sou sa, ou wè.

102 Konsa, m pa kwè genyen. Koulye a si genyen ... Si w jwenn kèk, epi li kòrèk, ebyen, se—se dakò. Men, kanta pou mwenm, M—M pa jwenn anyen.

### **178. Sa sa vle di "wè pou pa fè mal a lwil la e ak diven an", nan Apokalips 6: 6?**

103 Se Sentespri a. Ou wè? Nou fèk sot pase a travè sa. Se pwobableman yon moun, ou konnen, ki te rive yon ti kras an reta pou mesaj la, yo ... ebyen, pou lòt kasèt yo, ou wè. "Pa fè mal a lwil la e diven an." Ki sa lwil la ak diven vle di?

104 Lwil la, jan nou te pran l nan senbòl, vle di Sentespri a. Ou wè? Diven se ... epi lwil, ki konekte ansanm, nan Bib la, nan adorasyon. Ou wè? Epi diven an, jan nou mete l la, se la a ke m te gen lide a, "estimilasyon an." Diven reveye . Epi diven, nan antitip natirèl li, soti de eksitasyon, se revelasyon an.

105 Koulye a, jis panse. Ki sa ki estimile Legliz la? Revelasyon. Ou wè? Ki donk, diven, nouvo diven an, ta dwe ... Koulye a, obsèvè. Lwil ak diven yo ale ansanm, nan sakrifis; yo te ale ansanm, nan - nan adorasyon legliz la. Koulye a, remake, yo se senbòl ansanm, yo konekte ansanm.

106 Si w te gen yon konkòdans, wap gade pou wè yon fil annantye kote diven ak lwil reyini ansanm nan adorasyon. Si w te gen yon-youn ki pa rafine, ebyen, li ekri anlè a.

107 Koulye a remake sa a. Men gade, ou wè, lwil la se toujou Sentespri a. Nou jwenn sa nan Ezekyèl. Epi nou jwenn li nan Ansyen Testaman an. Nou jwenn tout atravè Nouvo Testaman an.

108 Poukisa nou wenn malad yo ak lwil? Nou wenn malad la ak lwil paske l senbolize devèsman Sentespri a sou yo. Ou wè? Epitou, vyèj saj yo te gen lwil; epi fòl yo pat gen lwil, Espri, ou wè. Koulye a, se lwil la. Epi alòs, diven an, li-se ... Si lwil la reprezante, reprezante Bondye. Bondye se Lespri. Ou wè?

109 Bondye se Pawòl. "Nan kòmansman an te Pawòl la; Pawòl la te avèk Bondye. Pawòl la te vin chè, e se te Bondye. " Bon, kidonk, si Pawòl la kounye a ... chita la a nan yon fòm natirèl kounye a, diven an se tankou dlo a, ki, oswa revelasyon an ki revele entèpretasyon Pawòl la, ki reveye kwayan an, ou wè. Oh lala, yo jis di, "M pat janm wè I anvan! Oh lala! Glwa! " Sa a se kisa? Ou wè, eksitasyon, ou wè, revelasyon an.

110 Mwen pa t konn sa jouk lòt jou a, M te chita la, oswa. Ou wè? Bon, sa a se, "Ki sak Iwil la ak diven an ...?" Se te, "wè pou pa fè mal." Se te kavalye chwal—nwa a. E se te pandan peryòd laj tenèb la, twazyèm laj— legliz la. Remake. Epi, ladann, "Genyen jis yon ti kras nan Li ki rete, jis yon ti kras, men pa fè I mal."

111 Epi m kwè si w jwenn sa, Twazyèm So a, sou kasèt, ou pral ... ou ta jwenn li la, kote ke I eksplike an detay, oswa an detay, pito.

### **179. Frè Branham, èske Liv Lavi Ayo a, ak Liv Lavi a, se menm Liv la?**

112 Sèten, ou wè, paske se kote tout redanmsyon an ekri, nan Liv sa a. Ou wè? Non yo te nan ... Ou di, "Bon, non nou te enskri nan Liv lavi Ayo a, Frè Branham. M-m te fè mete I pou mwen anvan yè swa. " Non, ou pa t fè I. Non, ou pa t fè I. Ou jis te dekouvrir I te la a, anvan yè swa, ki te ... ou wè, paske non yo te ekri anvan fondasyon mond lan. Ou wè? Sa, se tout menm Liv la, ou wè.

### **180. Kounyeya, Frè Branham, èske se vre ke tout jwif ki fèt depi Kris te vini an pral sove? E kiyès ki san karannkatmil lan? Èske se sila yo ki predestine pou sele avèk Sentespri a? E kisa misyon yo ye?**

113 Gen apeprè twa kesyon nan youn, la a. Men, la a, premye a : Èske-se vre ke tout jwif ki fèt depi Kris te vin nan mond lan, yo dwe sove?

114 Non. Anyen pa pral sove, sèlmam moun ki gen non yo enskri nan Liv lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan, jwif oswa moun lòt nasyon. Ou wè? Se tou. Liv la cache mistè sa a, epi Liv la ap devwale I sèlman kounye a; Se pa non chak moun, men se kisa mistè nan Liv la ye, pandan ke I ap rele non sa yo. Ou finalman konprann sa kounye a? Ou wè?

115 Liv la pa di, "Kounye a, Lee Vayle dwe sove nan tan laj legliz sa a, oswa — oswa Orman Neville," oswa — oswa nenpòt ki moun nan. Non, li pa di sa. Li jis montre mistè a, devwalmans mistè de kisa bagay la ye. Men, nou menm, pa lafwa, nou kwè I. Se sa m te di avanyè swa.

116 Yon moun te di, "Bon, pa gen okenn bezwen poum eseye sa a. Frè Branham te di ke gen sèlman youn ki sove nan Jeffersonville. " Ou wè? Koulye a, ou wè, lap montre yon parabòl. Sa-sa-sa-a se pa sa, sa-a se pa sa. Ta ka gen dè milye sove. M pa konnen. M espere ke chak

nan yo sove, ou wè, men m pa konnen. Men, men fason ke m vle kwè I, "Sèl moun sa a se mwen." Ou kwè menm bagay la tou pou ou. Si w pa fè sa, Lè sa a, gen yon bagay ki pa mache ak fwa w; ou pa fin sèten sa w ap fè.

117 Ki jan w ka - ki jan w ka monte anwo a pou fè fas a lanmò, lè w pa twò sèten si w sove ou pa? Ou wè? Ki jan ou ka desann anba la a epi di nonm enfim sa a ki kouche la a, avèg e antòtiye, "Ensi di Seyè a. Leve kanpe! Jezikri geri w"?

118 Ki jan ou ka sipòte, vye kò rèd frèt lonje la a, ki mouri, epi te mouri depi dè zè e dè zè, te lonje la a, frèt, rèd; epi di, "Ensi di Seyè a, leve kanpe sou pye w"? Ou fè mye, kon de kisa w ap pale a. Ou wè?

119 Bon, ou di, "lanmò reklame tout bagay. Tout bagay fini. " Ya, men lè Pawòl Bondye a revele, epi w konnen ke se Bondye, sa chanje bagay yo. Se sa.

120 Kounye a, wi, jwif sa yo pa ... Se pa tout jwif yo ki pral sove. Non, mesye. Yo pa pral sove; sèlman sila yo ki ... Lè L ap pale de jwif, "jwif," jis kòm yon non yo te ba yo apre yo fin kite ... M kwè, Nèbikadneza, kote sa a, yo kòmanse rele yo "jwif," dabò, paske Yo te mennen tribi Jida a la. Epi yo te ba yo non "jwif," kounye a, paske yo te vinn de Jide, kifè yo te resevwa non jwif la.

121 Men, kounye a, pèp Izrayèl la diferan. Pèp Izrayèl la, ak jwif, yo tou lè de diferan. Yon jwif – yon jwif pa yon Izrayelit, ou wè. Non, li jis yon jwif. Men, alòs, pèp Izrayèl la ... Pòl pa janm di tout jwif yo pral sove. Li te di, "Tout Izrayèl va sove." Poukisa? Non Izrayèl la, sa a - sa a se non redanmsyon, Iwen Iwen an aryè. Ou wè? Epi tout Izrayèl la va sove, men se pa tout Jide - Jidayis ki pral sove. Ou wè?

122 Menm jan ak moun lòt nasyon, pral gen yon ... Gen dè milye fwa dè milye de-moun, wi, literalman dè milyon, nan òganizasyon sa yo, epi yo rele "kretyen, legliz Kris la," epi tout sòt non konsa. Sa pa vle di anyen menm. Pa ... Sa pa vle di yo pral sove. Moun yo di, "Koulye a, ou te dwe fè pati de sesi oswa sila, yon òganizasyon, yon òganizasyon sèten. Si non w pa nan liv nou an, ou pèdi. " Koulye a, sa a, se sèkt. Ou wè? Sa a se sèkt. Ou wè?

123 Gen yon sèl fason ou ka sove, e sa se, "Se pa moun ki vle a , oswa moun ki kouri a , sila ke... Alòs, ke se Bondye ki montre mizèrikòd." Epi Bondye, pa prekonesans li, te predestine yon Legliz pou glwa I, e se sa yo ki te sove. Dakò. Koulye a, fwa w tèlman ankre la a!

124 Ou di, "Ebyen, fwa m te ankre la a." Epi gad ki jan an de vi wap mennen. Ou wè ou pa menm nan plaz ou la a. Ou mal ankre. Ou mete I sou sab olye de yon wòch. Premye ti vag la pral yoye I jete . An-han.

125 Se pou Pawòl la revele nan yon bagay. "Legliz mwen an pa anseye sa!" Sa montre la menm ou pa t ankre sou okenn wòch. Ou te sou sab. An-han. Se sa. Konsa, ou wè, kounye a. Epi san karant-kat mil yo, eske se yo menm ki predestine yo?

126 Wi, mesye. Sa a se Izrayèl, Izrayèl espirityèl la.

127 Jis panse, pral gen dè milyon nan yo la a. M pa konn konbyen ki la kounye a; Mwen devine ke se tout gwoup la, men yo tout pa pral sove paske yo nan Jide. Ou wè? Èske w gen yon lide konbyen ki gen la a kounye a? M pa konnen. Men, yo pwobableman ... Apre pwochen pèsekisyon sa a kòmanse monte ... Y ap akimile pa ... Ou konnen, m te gen yon kasèt sou yo, m te mennen yo nan lwès avè m kounye a pou - youn nan - legliz Alyans ki nan ...

128 Se jis ansyen an ... Oh, m blye kounye a. Li te kòmanse nan ... Yo genyen yo la ba a an Afrik. Oland Refòme. Se legliz Olandè refòme, Alyans lan se. Koulye a, si gen nenpòt nan ou ki chita la a, mwen pral di w poukisa. Ou toujou akwoche w a vye katechis Heidelberg sa a, e se egzakteman rezon sa a ki fè w toujou nan ... toujou nan Olandè Refòme. Konsa, ou te ka rafine pa yon non Ameriken. Sa a - se bagay ki dèyè I la, paske w ap anseye nan menm katechis, ansyen Heidelberg la. Mande pastè w si se pa vre. Ou wè? Kidonk, kounye a, remake sa a. San karant-kat mil, yo se predestine yo ki dwe sele pa Sentespri a?

129 Wi, mesye. Se egzakteman sa. Dakò. Koulye a, si gen nenpòt ... Koulye a, si m ... Si m pa t reponn, pou satisfè w, kisa, petèt M ... M ta ka antò, ou wè. Men, sa a, pi bon konesans m genyen, ou wè. Sa se pi bon konesans m genyen.

**181. Frè Branham, kòm ou te travay oswa tra - ... sou semans sèpan an ... ( Uh-oh, m pa janm remake sa a. Sa a glise anba menm ...) ... semans sèpan semèn sa a, eske se pral nòmal pou poze kesyon sa a? Zanmi m yo te mande m pou m eksplike Jenèz 4: 1, e m pa kapab. Èske w vle ede m '?**

130 Li - li pa nan sijè a. Men, kanmenm, m ap — m ap — m ap eseye tout sa m kapab, avèk èd Bondye a. Ann wè kounye a. Kite m vèni, pou jis yon ti moman. M kwè ke se la I te di, "M te gon on pitit gason pa Seyè a." M-m kwè ke se li. M panse ke Èv te di sa la a. M pral tcheke, pou m asire m.

131 Paske, m te di, avan yèswa, sèt ... olye de ... sèt san olye de sèt mil. Kidonk, sa fè m sou tansyon, ou wè, epi w jis dwe ap siveye. Epi lènmi an tout kote, epi w-ou konsyan de sa, ou wè. Wi, se sa. Epi Adan te konnen Èv madanm li; epi li vin ansent, li fè Kayen, epi li di, mwen te gen yon nom pa Seyè a.

132 Kounye a, m jis pral reponn ou yon kesyon, frè m, oswa sè m. Epi koulye a, sonje, m pap-pap kalonnen w, non. M ap eseye ede w, ou wè. M renmen w, e m renmen moun ki ta ka yon kritik sou li. Men m pa panse ke moun sa a ap kritike. Yo te di, "Ede m," ou wè, paske moun yo kwè l, men yo jis pa ase enfòme, pa Lespri, pou konn sa pou di moun ki mande yo sa a.

133 Koulye a, l ap di la a kisa kesyon an ye, pa gen dout, sa y ap di, "Èv te di ke l te gen nom sa a pa Seyè a."

134 Ki jan w panse lavi ta ka janm vini si l pa t vin de Seyè a, ke l byen oswa mal? Ki moun ki voye Jida Iskaryòt nan mond lan? Di mwen l. Bib la te di ke l te fèt "Fis pèdisyon an." Jis mande yo sa a; pou ta tankou yon vè nan yon sitwon, ou wè. Ou wè? Koulye a, ou wè, yo pa kapab - pa kapab ... se sa.

135 Remake, Alò, si w vle pran yo yon ti kras plis teknik. Ou wè. Èv te pale la a, si w vle pran l nan langaj li ye la a, ki ekri nan yon fason pou l kache nan je, saj ak pridan an. Èv, isit la, fason sa anseye, ke Bondye se Li ki te ba l ptit gason sa a. Epi li se yon Espri, e l pa ka fè l. Ou wè? Koulye a, obsève la a, si w vle remake sa. "Mwen te gen yon-yon nonm de Seyè a." Gade, ou pa ka fè l sonnen nenpòt ... Men li te dwe gen entèpretasyon kòrèk li, ou wè. Wi mesye. Non, mesye, si se sa, alòs lespri a ...

136 Epi nou toujou swiv nati paran nou yo. Ou konn sa. Gad ti bebe a, nati l. Ebyen, donk, Adan te yon ptit gason Bondye; Èv te yon ptit fi Bondye; dakò, premye bagay ki nan kreyasyon Bondye a, ki pa t kab gen menm yon ti pousyè nan-nan sa ki mal nenpòt kote l ye a. Mal pa t menm te ko dekovri.

137 Epi poukisa Kayen te yon mantè, yon ansasen, ak tout lòt bagay? Ki kote sa te sotí? Jis poze tèt ou kesyon sa a. Se te ptit sèpan an. Ou wè? Èske Bib la pa di sa? Obsève semans li jouk nan fen. Nan bagay sa a, li vin ...

138 Pou kiyès mond lan ye? Dyab la. Kiyès ki kontwole l kounye a? Dyab la. Egzakteman sa. Dyab la kontwole mond lan. Li te di Jezi, li te di, "Gade kouman l bèl, tout glwa a? M'ap ba w li si w adore m ". " Gade, li se kontwolè l. Koulye a li posede l.

139 Koulye a gade, ptit li yo saj. ptit dyab la. Oswa, pran timoun Kayen an, si w vle, epi mennen l dwat atravè geneyalogi yo, e w va jwenn ke yo te dè zòm entelijan, chak nan yo.

140 Men lè l te touye Abèl; epi Bondye remèt li Sèt, li te yon kalite moun ki jis, pou rachte; pou te mouri, epi resiste ankò. Epi soti la a ... Koulye a, obsève. Li pa sot de premye semans, ki natirèl la; yo te mouri. Koulye a, ou te gen lespri w louvri? Ou wè? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Premye semans lan, semans natirèl la, jis òdinèman bon, li tipifye legliz modèn

lan, Abèl. Pou yo prezève liy kap kontinye a, sa te mouri pou ke yon lòt te kapab leve, ou wè. Se konsa, li dwe refèt, ankò. Ou sezi I li? ["Amèn."] Se byen, jis konsa pou konprann li, Ou wè. Ou wè?

141 Apali, tip pafè a. Konsa, menm nonm natirèl la, ki te ne – de Adan, papa I ', montre trè natirèl sa a. Li pap mache; nonm natirèl la pa wè bagay Bondye yo. Ebyen te gen yon nom ki te vin natirèl, e li te mouri, pou I retabli sa ankò; e I te reprezante nan lanmò Abèl, Epi ranplasman I pa Sèt.

142 Epi gade ki jan an de moun sa te ye, kounye a lespri sa a bay nesans a; enb, kiltivatè, gadò mouton. Obsève sak soti nan sajès mond lan la a; nonm entelijan, bòs mason, ak-ak metal, epi tout kalite geni entèlijans ak bagay sa yo. Gade kote yo te abouti, Iwen, Iwen, anba la a, epi Bondye te detwi yo tout, yo chak, epi li te sove enb yo. Èske Jezi pa t 'di, nan Matye 5, "Moun ki dou pral eritye tè a"?

143 Konsa, ya, pa enkyete w. Yo pa gen yon pye pou yo kanpe. Gade? Yo pa kwè ke I se pitit Kayen. Men, nou te gen yon kasèt sou sa, si w ta renmen tandem kote li eksplike an detay. Ou wè? Non, mesye.

144 Apre sa, mwen wè yo te gen yon atik nan yon jounal anwo a, kote lasyans kounye a pral pwouve ke "Èv pat janm manje yon pòm. Li te gen yon zabriko." Ou wè? M te gen jounal la anwo lakay mwen kounye a, ou wè. "Se te yon zabriko." Jis ki kote moun ka ale ... Sa a se yon panse chanèl, ou wè. "Kidonk, anreyalite, Moyiz pa janm janbe dlo. Li travèse yon lanmè rozo; Li fè pèp Izrayèl la janbe nan pati anwo lanmè Mòt la. Te gen yon pakèt roso, tout on lanmè rozo antye, jis kote dlo yo yon fwa, te desann. Epi Moyiz te pran yon chemen kout, e I te pase pa chemen sa a. " E legliz Otodòks to aksepte I. Ou te wè sa. Legliz Orthodòks yo te aksepte li, se konsa sa te ye.

145 Oh, monchè, èske w pa ka wè semans sèpan an, antikris sa a, e tout bagay ki layite la menm? asireman. Wi mesye. Frè Branham, tanpri priye pou ti pitit mwen ... ( Oke, se yon rekèt pou lapriyè; m wè I.) Priye pou ti pitit pitit mwen an, ki malad anpil ak yon. Li nan otèl Riverview a.

146 Seyè Jezi, pòv moun sa a pap janm ekri sa pou grenmesi. Li te wè w jis retire volontèman lafyèv rimatis sou yon ti gason avan yè swa a. Li konnen ke w se Gran Bondye a, epi nou ofri priyè nou yo pou ti gason sa a. Nan non Jezikri, pèmèt ke I geri. Amèn.

147 Lè yon moun ekri kèlkeswa bagay la, se pa pou grenmesi. Yo-yo-yo te gen yon ... Pe enpòt ki jan senp li sonnen pou nou, ak ki jan li anpil, men-men gen yon bagay dèyè I, ou wè; dam sa, ti gason sa, se kèk bagay.

**182. Èske Eli, ki vin pou preche Juif yo, se vrè nonm ki t ap viv sou tè a, oubyen èske I ap lespri Eli nan kèk lòt moun? Koulye a, sa a, m-m pè di. M pa konnen. Ou wè? Kite m li I ankò. Èske Eli, ki vin preche jwif yo (oh, wi), se vrè nonm ki te viv sou tè a, oswa èske se pral lespri Eli nan kèk lòt moun?**

148 Koulye a, si m te kab reponn sa kòrèkteman, m ta ka pale w de Enòk, ou wè. Men, m-m pa ka fè I, ou wè. Sèl bagay m konnen se, jis, ekriti yo di sa I pral ye. Bon, koulye a li ta ka sa ... Koulye a, M- Mwen yon jan panche ... Koulye a, kite m di I fason sa a. Epi m espere kasèt la, frè kap koute kasèt yo, pral konprann sa a. M vle kwè ke I pral yon nonm wenn, ak lespri yo. Paske, gade, li di, "Èske pa ... sou Elize? Èske lespri Eli a pat sou Elize?" Gade, "lespri Eli a." Epi li te fè menm bagay ak Eli, ou wè. Konsa, M, si m ... Men, m pa ka di ke se vre. M-m pa konnen, ou wè. M onèt avèk ou. M pa konnen.

**183. Frè Branham, èske ou ta ka reponn sèl sa a pou mwen souple, sou batèm? Matye 28:19 anseye, "Pè, Fis, ak Sentespri a." Epi Pyè, nan Akt 2:38, "nan non Seyè Jezi a." Ki lè chanjman sa a te rive nan Akt dè zapot yo? Koulye a, m kwè, "nan Seyè Jezi a."**

149 Bon, frè a oswa sè a, pe enpòt moun ki ekri I la, pat gen- okenn chanjman, ou wè. Se ... Epi Pyè te fè egzakteman sa Jezi te di pou fè. Kounye a, si yon moun vin di, "Itilize tit yo Papa, Fis, ak Sentespri a," yo te fè sa Pyè te di yo pa fè, men kisa Bondye te di pa fè. Ou wè? Koulye a, Jezi te di ke ...

150 Nou pral jis-jis pran yon ti bagay, kote, m vle jis montre w yon bagay la a. Remake. Bon, remake, si w isit la, moun nan. Mwen pral depoze twa moso materyèl la a. Koulye a, gade. [Frè Branham depoze twa objè kòm ilistrasyon — Ed.] Sa a se Papa a, sa a se Fis la, sa a se Sentespri a; tankou moun trinitè yo kwè, kwè ke yo se twa moun separe. Yo kwè sa. Ou wè? Bon, alòs, kite m ...

151 Epi answit, nan Matye 28:19. Jezi te di, "Ale nan tout mond lan, epi preche Levanjil la bay tout kreyati. Li ... "Non, m mande w padonnen. M ap site Akt kounye a, oswa nan Akt 2, m kwè. Non, Lik 24:49, map site. Li te di ... Kite m li I, epi m te jwenn li, wè, e alòs ... ' paske lòt jou a m te di ke lè m pa t ... M vle ke m te konprann li byen. M-M konn tit sa w ap di la a, men mwen vle jwenn jis sa I te di. Ann kòmanse nan vèsè 16, nan chapit 29 la. "Lè sa a, kòm onz yo te chita ap manje, ... la" answit, onz yo ... te ale nan peyi Galile, sou mòn kote Jezi te deziye yo a. Lè yo wè I, yo adore I. Men, gen kèk ki te doute. Epi Jezi te vini, li pale ak yo, li di, Tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a ... Tout pouvwa yo te ban mwen nan syèl la ak sou tè a.

152 Kounye a ki kote pouvwa Bondye ye? Ki kote Bondye ye? Si tout pouvwa ki soti nan syèl la ak tout pouvwa ki sou latè a, yo te fè I kado I, koulye a ki kote Bondye ye? Men li, ou wè.

Se sa kap pale avè w. Se sa. Ale non, anseye tout nasyon yo, batize yo nan non Pè a, e Fis la, epi Sentespri a.

153 Koulye nan domenn trinitè sa, "Mwen batize w nan non Pè a, nan non Fis la, nan non Sentespri a." Sa pa menm nan Sen ekriti a. Ou wè? Li te di, "Batize yo nan non Pè a, e Fis la, epi nan ..." Pa nan ... epi met yon non devan yo chak. Yon sèl non! Siveye la a. Li pa t 'di, "Batize yo nan non yo." N-O-N, yon sèl Non, "Nan non Pè a, Fis la, epi Sentespri a." Ou wè?

154 Koulye a m vle mande ou. Èske "Pè" se yon non? [Kongregasyon an di, "Non." - Ed.] Èske "Fis" se yon non? ["Non"] Konbyen papa ki la a? Kilès nan nou ki rele "Pè"? Konbyen ki se Fis isit la? Konbyen imen ki isit la? Ou wè? Bon, kiyès nan nou ki rele "Pè", "Fis" oswa "Imen"? Ou wè?

155 Tankou yon fanm te di yon fwa, li te di, "Frè Branham, 'Sentespri a' se yon non. Se yon moun."

156 M te di, "Wi, Mesye. M se yon moun, men non m se pa 'Moun.' M se yon moun, ou wè. Non m se William Branham; men m se yon moun. " Sentespri a se yon moun. Se sa L ye. Se pa yon non; Se yon tit de pèsonalite Bondye a. Ou wè? Li se yon tit nan pèsonalite Bondye a, ki sa l ye. Koulye a, kounye a si ...

157 Li te di, "Ale non epi anseye tout nasyon yo, batize yo nan non Pè a, ak Fis la, Sentespri a." Se pa "nan non Pè a, non Fis la, non Sentespri a." Oswa, pa "nan non Pè a, ak Fis la, Sentespri a," men, "Nan non Pè a, Fis la, ak Sentespri a." Men si "Pè, Fis, e Sentespri" se pa non, alòs ki sa kap fèt?

158 Ou di si l se yon "non," byen, kiyès ladan yo? Ou vle bay youn nan yo yon non, ki non l ye? Si w vle bay tit la yon non, Lè sa a, ki non, nan kiyès tit ou vle batize, "Pè a" oswa "Fis la"? se sengilye, ou wè. Koulye a, nou tounen la a nan-nan ... e se dènye liv Matye a.

159 Tankou mwen te toujou eksplike l. Si ou li yon istwa damou, epi w di, "Jan ak Mari te viv kontan pou tout tan." Gade, se paske w pa - ou pa konnen kiyès Jan ak Mari ye. Retounen nan kòmansman istwa w la, chèche konn kiyès Jan ak Mari ye. Ou wè?

160 Kounye a se sa w ap fè la a nan Matye. Ou sèlman li dènye pati liv la. Tounen nan premye chapit Matye a epi li istwa a. Sa se dènye chapit Matye a, epi dènye vèsè yo.

161 Tankou ou te chwazi yon liv, epi li di, "Jan ak Mari te viv kè kontan pou tout tan. Sa se te John Jones e-e Mari Se entèl-entèl? Sa a se te ...? Non, se te Jan ...? Sa se te John Henry e se te entèl-entèl? Sa a se Jan entèl epi konsa-e-konsa? " Non, ou pokonnen, ou wè. Sèl

bagay pou fè, pou asire w, se tounen nan liv la epi li l. Ou wè, ou pa ka pran yon pati isit la. Ou ta dwe mete tout bagay la ansanm, pou fè senaryo a.

162 Koulye a tounen nan Matye, premye chapit la. Epi l ale e l bay jeneyaloji yo, kontinye desann nan 1ye chapit la. Answit li desann nan vèsè 18 la, epi li di, "Koulye a nesans Jezi Kris la te sou saj sa a." Eske se vre? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.]

163 Koulye a, mwen vle mande w yon bagay. Koulye a, koute ankò. Ou menm, ou rele l. [Frè Branham montre chak nan twa objè yo kòm egzanp — Ed.] Kiyès sa a ye? Bondye ... [ Kongregasyon an di, "Pè a."] Bondye ... ["Fis la."] Bondye ... [ "Sentespri a."] Kounye a kiyès sa a? ["Pè a."] Kiyès sa a? ["Sentespri."] Kiyès sa a? ["Fis la."] Fis. Dakò. Koulye a, nou te konprann li kounye a. Kounye a ki sa w te di sa a te ye; Bondye de kiyès? ["Sentespri."] Sentespri a. Koulye a, Se byen. Koulye nesans Jezikri te dewoule nan konpreansyon sa a: Lè ... Manman l, Mari te marye ak Jozèf, anvan yo te nan kay ansanm, li te twouve l ansent yon pitit pou...

164 [Kongregasyon an di, "Sentespri." - Ed.] Koulye a, m te kwè w te di ke Bondye se Papa l. Koulye a, gon'on bagay ki pa kòrèk la a; Li pa ka gen de Papa. Ou konn sa. Ou wè? Koulye a, gon'on bagay ki pa mache. Kounye a, kilès nan mesye sa yo, si gen twa moun, kilès nan yo ki papa l? Bib la di isit la, klèman, " li te ansent yon ti moun ki vinn de Sentespri a," Bondye Papa a pa t gen anyen pou wè ak li. Epi Jezi te di Bondye se Papa l, e nou konnen Bondye te papa L. Ki donk, li te gen de papa; ebyen Li se yon ilejitim, asireman. Koulye a, wè nan kisa w met tèt ou? Koulye a : Alòs, Jozèf mari l, antan ke yon nonm jis ... pat vle fè l yon egzanp publick, tap panse mete l de kote an sekrè. Men, pandan ke l tap reflechi sou bagay sa yo, ...

165 Sonje byen, li te yon nonm byen, kounye a. Epi men Senyè a se yon men tankou kounye a; moun ki predestine yo pral konprann li. Ou wè? Men, pandan ke l t'ap reflechi sou bagay sa yo, gade, anj Seyè a parèt devan l nan yon rèv, ... Èske w ap swiv nan Bib ou a? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Se byen. ... tap di, Jozèf, oumenm pitit David, ou pa bezwen pè ... pran sou kont ou Mari, madanm ou, paske sa k ... fè l tonbe ansent vinn de ...

166 "Bondye ki se Papa a"? Èske m mal li sa? [Kongregasyon an di, "Wi." - Ed.] Sèten M pa byen li. "Sa k fè l vin ansent lan," pa gen anyen pou wè ak Bondye Papa a, se "Sentespri a." Epi, koulye a nou konnen ke Bondye te papa L. Eske se vre? ["Amèn."] Alòs, ki sa l ye? Sentespri a se Lespri Bondye, sètènman. Koulye a, ou konprann li. Ou wè?

167 Bondye Papa a ak Sentespri a se menm Moun nan, oubyen L te gen de papa . Epi lè sa a, ki jan - ki jan de moun ou adore? Ki jan de Bondye ou te resevwa kounye a? Ou wè? Ou wè? Bondye Sentespri a, e Bondye Papa a, se Lespri a menm man-parèyman. Epi li pral fè

yon ptit gason, ... (Zanmi sa a isit la) ... epi w va rele I ... Kouman ? [Kongregasyon an di, "JEZI." - Ed.] "Non li!" ["JEZI."] Koulye a, sonje. ... non li JEZI: paske li va sove pèp li a pou ... de peche I yo. Kounye a, tout bagay sa yo te fèt, pou I te ka akonpli pawòl Senyè a pa pwofèt li, a kilès ke Pawòl la te vini, el te di, gade, yon jenn fi vyèj pral ansent, epi I ap fè yon ptit gason, epi yo va ... ba I non Emmanuel, ke yo te entèprete kòm, Bondye avèk nou.

168 Ki non Bondye? Ki non Pè a, Fis la, Sentespri a? [Kongregasyon an di, "JEZI." - Ed.] Bib la te di "JEZI" te non li. Ebyen kanmarad la isit la ap eseye debat li yon fwa, isit la nan Tabènak la, li te di, "Frè Branham te tòdye kòl soti anba yo tout, men li pap kapab pou sa a." Li te di, "la a li montre twa moun diferan, egzakteman, pafètman." Li te di, "Matye, 3èm chapit! Men Jan te kanpe, li t'ap preche. Men Fis la, avanse pou I resevwa batèm li. Li antre nan dlo a, Jan te batize li; li soti nan dlo a. Epi, 'men li,' li te di, 'syèl la te louvri pou li.' Li di: Sentespri a desann sot nan syèl la, tankou yon Kolonb k'ap desann. E yon vwa ki sot nan syèl la, ki di, "Sa a se Pitit mwen ke renmen anpil la, nan limenm ..." 'Twa moun diferan, egzakteman anmenm tan. " Oh, lala!

169 Ya. Sa jis montre ke moun san batèm nan, epi pat rele nan fonksyon yon—yon pastè, pa gen okenn biznis pou yo twouve yo dèyè yon chè. Se sa. M-M-M te kapab pran moun sa a, kounye a, avèk èd Bondye a, epi mare yo nan yon tèl pwen ke sa tap fè tèt yo vire. Gade, sa pa deranjem ke ... Non, m pa vle di "mwen." Sa pa sonnen byen. Padonem. M pa t 'vle di sa, Seyè. M pa t , kounye a. M te santi I 'tcheke m' sou sa, ou wè, kidonk, m pa t 'vle di I fason sa. M-m regrèt sa. M kwè ke Sentespri a te kab revele moun sa a kèk sekrè. Sa a sonnen pi byen. Hmm.

170 Se jis tankou akòde yon enstriman, lè w fè yon bagay ki mal. Epi w ka santi I, kòm yon kretyen, ou te di yon bagay ki mal. Li pat renmen sa. Ou wè, Sa te mete m la a. Ou wè? Mwen pa nan dekò a, ditou. M jis ... pa menm vle mwen menm oswa anyen. Jis limenm, kite I fè travay la. Li bay son an. Twonpèt la bèbè; vwa a ki dèyè I la, se sa ki bay son an.

171 Koulye a, gade byen. Nonm lan mal entèprete Pawòl la. Ou wè, Li se ... Sonje byen, "Li kache nan je moun ki saj ak pridan; e revele a ti bebe yo. " Kounye a, men sèl Moun, Jezikri, ki kanpe sou tè a. Koulye a, syèl la; sèten, gen atmosfè yo pi wo. Koulye a, obsève, "Epi Jan te rann temwayaj ..."

172 Koulye a, nonm sa a te gen pou di, "Men Bondye Pè a; epi men Bondye Sentespri a, tankou yon Kolonb; epi men Bondye Fis la; ki fè twa moun. " Se yon erè.

173 Jan, kanpe la a, li te konnen ke L te Ayo a. Jan te di, "M rann temwayaj, ke m wè Lespri Bondye tankou yon Ayo..." Men Lespri Bondye a, tankou yon Kolonb, m vle di. Koulye a, men

menm bagay m te di avanyè swa a, ou wè; olye de sèt san, sa - ... Ou wè? Lespri Bondye a! Se te Ayo a la a. Epi Lespri Bondye a, Kolonb lan, se te Bondye. "Lespri Bondye ki desann sot nan syèl la. E yon vwa ki soti nan syèl la, ki di, 'Sa a se Pitit mwen renmen anpil la, ke m pran plezi pou abite nan li.' "" Tout pouvwa nan syèl la ak sou latè te remèt mwen nan menm." Ou wè? Ou wè? Ou wè? Se Limenm. Kounye a ki jan l te rele? [Kongregasyon an di, "JEZI." - Ed.] Sètènman. ?

174 Kidonk, pou sa ki konsène teyori trinitè a, pou yo te twa bondye diferan, sa se paganis! Sa pa janm te anseye nan Bib la. Li pa janm te anseye nan mesaj Lyon an, men li te adopte nan pwochen an, ki te antikris. Mande nenpòt moun ou vle, nenpòt teyolojen. Sa pa janm rive, sèlman atravè doktrin Nikolait yo. Men rezon ki fè li soti ak Martin Luther; se poutèt sa li te kontinye ak John Wesley; epi devèse nan pentkotist yo.

175 Nan jou pentkotis la soti, yo te gen gwoup "Jezi sèlman". Koulye a, Se fo, ankò. Kouman pou Jezi ka pwòp papa l? Ou wè? Konsa, li elimine

176 Men sipoze gen yon tan Èg pou rive. Ou wè? Se moman sa a Li dwe eklèsi tout mistè sa yo. Ou wè?

177 "Pè, Fis, ak Sentespri" se tit Senyè Jezikri a. Gade, yo tout lè twa! Matye te di: "Pè, Fis, Sentespri." Pyè te di, "Seyè Jezi Kris la." Ki moun ki Papa a? "Senyè a te di Senyè m nan, 'Chita sou bò dwat mwen.'" Èske se vre? Pè; Fis, Jezi; Sentespri, Logos la ki te soti nan Bondye. "Pè, Fis, Sentespri" se absoliman twa tit Bondye a manifeste nan-nan-nan twa diferan fason, oswa twa atribi de limenm.

178 Epi pou rann li klè, pou yon moun ki pa ta konprann, se tankou twa fonksyon menm Bondye a. An reyalite, se twa atribi menm Bondye a. Bondye kap aji an twa, diferan; sou Patènite, sou filiasyon, sou dispansasyon Sentespri a. Bondye pafè an twa. Ou sonje nimewo antikrist la, kat? Ou wè? Bondye, "Pè, Fis, ak Sentespri," se absoliman "Seyè Jezi Kris la."

179 Lè w batize, nan non "Jezi" sèlman, se fo, jis sa, "Ou batize nan non Jezi," se absoliman fo. M rekonèt anpil Jezi. Kisa, peyi laten chaje ak yo, Jezi.

180 Men, sa a se "Seyè Jezi Kris la," ki di egzakteman ki moun li ye.

181 Gen anpil Branham, si w vle pale de mwen pèsonèlman, men m-m se sèl William Marrion Branham. Sa a-se mwen. Men gen anpil lòt William Branham, elatriye, tout kote.

182 Men li kesyon pou rele distenkman yon sèl moun, Seyè Jezi Kris la, ou wè, moun ki wenn nan. Men gen sèlman youn nan yo. Ebyen, se sa. Kidonk si gen di plis, ou va ekri yon lèt oswa nenpòt bagay la, oswa-oswa nenpòt moman lè m sou lòt kesyon. M vle eseye rive

sou sa a, konsa m ka wè si nou ka jwenn kèk nan moun malad sa yo kap soufri, pou priye pou yo

183 Men, gade. Kan Bondye mete yon non nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan, pa gen anyen nan mond lan ki ka efase I, paske li te ekri avèk lank ki fèt ak San Kris. Ke I gwosè sesi, gwosè sela, oswa gwosè sa, oswa kèlkeswa gwosè I ka ye a, sa va jis menm bagay la. Ou wè? Tout pitit yo, tout Legliz, tout sa k genyen, se...Bondye, pa prekonesans Li.

184 Bon, nou pa konnen. Ou va di, "Frè Branham, èske w ka pwouve ke w rive la?" Non, mesye. M paka pwouve I. Bondye ka itilize m kòm yon enstriman pou yon lòt bagay, epi itilize w menm jan an. Men mwen kwè, e se pa lafwa, mwen sove. Mwen pa sove pa konesans; pa lafwa? Se fason sa ou sove. Se fason sa nou tout sove.

185 Men, sonje, Bondye enfini. Èske w kwè sa? /Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a./ Enfini! Ebyen, poutèt Li enfini, se sa ki karakterize L...E, apre sa, Li omnisyen. Èske w kwè sa? /"Amèn."/ Omnisyan vle di "Li konn tout bagay." Li paka---Li paka omnisyan si L pa enfini. Ou wè, Pat janm te gen anyen ke Li pat konnen. Li te konn chak ti mouch ki t ap janm vini soutè a, epi konbyen fwa li t ap bat jye I, e kantite swif li t ap pwodwi, kijan yo tout tap fè ansanm. Li te konn chak respirasyon ou ta pral pran, e jiska ki pwofondè sa ta pral antre nan poumon w. Sa se enfini.

186 Bon, si Li enfini, sa rann Li omnisyan. Èske se vre? /kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a./ E si Li omnisyan, sa rann Li omniprezan, paske Li konn jis egzakteman minit lan, lè a, tan an jiska fraksyon moman nan senk milyèm nan yon segonn, konsènan kilè li pral rive a. E se poutèt sa Li gen tout pouvwa, li konn tout bagay, e I ka fè tout bagay.

187 Bon ann wè. Kounye a, "E tout timoun ke Bondye...Chak sa Bondye...Kan yo..." Bon, sonje, kilè Jezi...Bib la di...

188 Bon nou konnen ke Jezi te sakrifye apeprè nan lan 30 A.D. Èske se vre? Apeprè, se te apeprè nan mitan ane a, mwen kwè, lan 30 A.D.

189 Bon, men Bib la di ke Li te imole anvan mond lan te menm kreye. E non w, kan Liv Ayo a...Kan Ayo a te imole, pou rachte Liv sa...Men yon gwo bagay kounye a. Sa ka koze estimilasyon. Gade. Kan Ayo a--a--a kan...Bon sonje, Bib la di Liv Lavi Ayo a te ekri anvan fondasyon mond lan. E non w te enskri ladan I, li te nan Liv sa kan Ayo te imole anvan fondasyon mond lan, pou rachte chak non ki te ekri nan Liv sa. Ou wè? Ou sezi I kounye a?

190 Ou wè pa gen anyen ki pa nan plas li. Sa ap mache jis egzakteman tankou gwo mont òlòj Bondye a, ou wè, tankou yon revèy ki ap mache ak zegwi I yo k ap tounen. Non w te plase

anndan la anvan fondasyon mond lan, kan Ayo a te imole pou rachte sa k nan Liv sa. E kounye a Li avanse pou pran Liv sa, pou reklame redanmsyon Li fè a.

Mwen pa vle kòmanse la; nou pap janm kapab reponn yon lòt kesyon jodi a. Dakò. Kesyon:

### **185. Èske lanfè, epi etan k ap brile ak dife a ak gwo wòch cho yo, se menm?**

191 Non. Lanfè, tradiksyon nan Bib la, mwen kwè...Bon, gen moun byen edike chita la, e m vle onore sa. Frè nou Iverson ki chita la, epi Frè Vayle, ak anpil nan frè sa yo ki se vrè tewolojen. Mo yo tradwi la, hadès, vle di "tonb." Èske se vre? Se mo grèk pou tonb. Men Etan De fe a se yon lòt bagay. Paske, nan Apokalips, "Toulède, hadès ak tout, te jete nan Etan De fe a." Ou wè? Dakò. Bon ann wè.

### **186 Si se non, èske Etan De fe a, epi lanfè, Etènèl?**

192 Non, mesye. Non, mesye. Tout bagay ki te kreye pa etènèl. Non. Tout bagay ki te kreye...Se pou rezon sa ke paka gen yon lanfè Etènèl. Si yon moun te janm di w ke ou pral boule nan yon lanfè Etènèl, m vle Ekriti a pou sa. Ou wè? Bagay konsa pa egziste.

193 Lanfè te kreye pou le dyab ak anj li yo, pou antikris la ak moun li yo; ki te le dyab, le dyab enkane. Li te kreye pou sa, pou detwi. E tout bagay ki te gen...Tout bagay...

194 Gen sèlman yon bagay, nèt, pamitout bagay ki egziste, nan lemond antye, ak tout lòt bagay, gen yon sèl bagay Etènèl, e se Bondye. Anvan te gen on atòm, oswa yon elektwon, ou anvan menm te gen limyè kosmik, elektwon ou nenpòt bagay la, Li te Bondye. Li se yon Kreyatè.

195 E se sèl fason ou ka Etènèl, se pou resevwa Lavi Etènèl. Mo grèk sa la, mwen kwè, se Zoe. Èske se vre? Zoe. Zoe. E apre sa, sa--Vi sa, Bondye ki bay Li a nan ou. Tankou papa a, papa w, ki pataje vi I avè w, atravè ve maryaj la--la avèk manman w, e limenm, poutèt sa, li pataje lajwa a--a ap pataje a (Ou sezi mwen), ap pataje a, Vi Li avèk yon pitit. Ou wè? E apre sa ou vin yon pati de Li, ki se Zoe, Pwòp Vi Bondye. "Mwen bay...yo Lavi Ètènèl."

196 "Resisite yo, nan dènye jou a." Se sèl bagay ki--ki...Ou gen Lavi Etènèl. E Vi Etènèl sa konn kò Li, e li dwe vini. Pou I ka...Se enposib pou I rete etann la. Pandan Lespri Kris t ap kouve kò a, Lespri Bondye sou Kris, nan gwo jou sa, li te konnen li tap resisite l; menm bagay la pou sen yo nan kò yo.

197 Bon sonje. Jezi, lè L te mouri a, Li te al nan lanfè. Paske, Li te oblige al la; Li te sila ki t ap pote-peche. "E Li te preche nanm sa yo ki te nan lanfè, ki pat repanti nan jou pasyans Noye

yo." Se vre? Li t al nan lanfè e Li te preche nam yo, nam ki te separe de Bondye yo, ki paka janm retounen ankò. E Jezi te ale pou rann temwayaj ke Li te Sila ke yo te pale de Li a, Semans fanm lan--lan.

198 Semans sèpan an, ou wè sa semans sèpan an te fè? Antikris la; ki te abouti nan lanmò, separasyon, cheval wouj la. Semans fanm lan, Lavi, ki abouti sou cheval blan an, Jezikri. Ou wè? Kisa sa ye? Youn kont lòt; semans sèpan an kont Semans fanm lan. Ou sezi l kounye a? O, nou te ka rete yon ti tan sou sa! Èske se patap byen? Men annou rete ak sa a.

**187 Frè Branham, èske premye kavalye a, nan Premye So a, akonpli 2 Tesalonisyen, "revelasyon lòm de peche a"?**

199 Wi. Se jis. Se sa. Sa fasil. Se sa. Se lòm de peche. Menm nonm sa jis kontinye, pa etap, ap galope jiskaske li vin monte sou cheval pal la ke yo rele "Lanmò." Kris te desann atravè, jistifikasyon, sanktifikasyon, jiska cheval blan an, e se sa, ou wè.

**188 Kisa k te rive a kwayan ne de nouvo ki nan divès denominasyon men pa nan Lepouz Kris la? Kisa k rive yo?**

200 Ebyen, m kwè nou te eksplike sa, sa pa fè lontan. Ou wè? Yo pral nan Tribilasyon. Yo se mati yo nan Tribilasyon an. Te monte an dènye, apre Milenyòm, pou jijman yo. Ou wè? Paske, Bib la di ke rès vivan yo..."Rès mò yo pat retounen jiskaske mil an te akonpli." Apre sa te gen yon rezirèksyon, e alò yo toulède te avanse. Jis ak enjis la, e yo te jije pa Kris e Lepouz. Li te vin sou latè avèk di mil fwa di mil sen Li yo. Èske se jis? Lepouz Li.

201 Jijman te tabli. Liv yo te louvri. Liv te louvri. E yon lòt Liv te louvri, ki te Liv de Vi a. Li te separe, lè moman sa, bouk yo ak brebi yo. Èske se vre? Sa pat gen anyen pou l wè avèk Lepouz. Li te kanpe drèt la nan jijman an, ak Rèn li...Rèn lan ak Wa a, ansanm. "Li te vini avèk sen Li yo; di mil fwa de milye t ap sèvi L," madanm Li. Alò jijman te tabli, e apre sa brebi yo te separe ak bouk yo. Sonje lòt nwit lan, lè m t ap pote ti meditasyon sa, pou w te ka konprann li, meditasyon kòbòy la? Ou wè? Men ni.

202 Non, yo, se yo, le--le--legliz, moun yo ki nan denominasyon, ki se--ki se Kretyen otantik, ki resevwa Mesaj la men ki pap janm wè L. Sa pap janm preche a yomenm. E sila yo ki nan yon gwoup melanje, ke yo te preche Sa, Sa pral pase drèt anlè tèt yo, sòf si non yo te nan Liv Lavi Ayo a. Ya. Men yo va moun de byen.

203 E yo va resiste ankò, e yo va gen eprèv epi jije pa menm gwoup ki te preche yo a. "Èske w pa konnen ke sen yo va jije tè a?" Yo va preche yo, ou wè. Yo va preche yo, menm moun

ki te temwaye yo Mesaj la, pou ““Soti kite sal!” Ou wè? M espere ke sa eksplike l. M tèlman genyen la, ke...

**189 Frè Branham, èske setyèm anj lan, avèk espri Eli a, se menm moun ke Eli yo te voye pou san karant kat mil Jwif yo pandan twazan edmi apre Anlèvman an? Kèk nan nou melanje, sou sa.**

204 Non. Li pa menm lan. Ou wè, se de moun diferan. Elize ki te vini sou fòm Eli a pat Eli. E espri Eli ki te vini sou yon nonm ki te rele Jan Batis se pat Eli. E nonm ki se setyèm anj mesaje a, alafen Aj Lawodise a, li pap Eli tout bon. Li va yon moun lòt Nasyon yo, pou pèp li.

205 Eli va, ou pito espri Eli lè sa, ap vini nan...epi moun yo la, li va yon Jwif, ou wè, paske yo voye yo pou pwòp pèp yo. Se revelasyon pa m. Rezon kifè mwen...Tommy Osborn, kan nou te pale sou sa, lè sa, Tommy avè m, m pat janm konnen. M te jis ap priye pou malad.

206 Epi m te monte la, te gen yon dam ki te soti nan Tabènak Fort Wayne Gospel, yon misyonè nan chan etranje. Sen li te men gwosè, kansè t ap devore l. E li te jis la nan ti kay kote nou te abitye rete, anwo nan chemen an. E mwen te priye pou chè sè sa. E li te geri, e li te retounen sou chan misyonè. Epi kan...Li te sot an Afrik. E li te kite yon ti liv la, sou misyon.

207 Mwen--mwen te panse, “Ebyen, misyon se trè byen.” E kifè mwen te panse, “Ebyen, se senpleman yon pozisyon nan Bondye pou deyò a la. Kifè se...Sa a se plas mwen jis la, sou Uityèm lan e Ri Penn.” Kifè m te jis ap travay pi byen m te kapab.

208 Men yon jou, pandan m te chita nan biwo m, m te pran liv sa. Li te gen on foto youn--youn ki ras Nwa, yon ansyen vye papa, e li te gen ti kouwòn cheve blan sa. E sou anba a sa te ekri konsa, “Nonm blan, nonm blan, kote papa w te ye? Ou wè, kounye a m granmoun epi panse m ramoli, e m pa konprann twò byen. Si m te konn Jezi lè m te on jennòm, m te kapab pran L pote bay pèp mwen an.” Ebyen, mwen te li l.

209 E Yon Bagay te jis kontinye ap di, “Li l ankò. Li l ankò.” M te kontinye ap li. O, ou konn gen moman sa yo. “Li l ankò e ankò. Gen on bagay ladann.”

210 Tankou anwo laba jou sa nan Moulen an, kan m te soti kite gwòt la. Mwen patka konprann sa, kouman moun te ka pale an lang ak kriye, epi avèk Sentespri otantik la, epi antikris kan menm. Pale an lang, otantik pale an lang Sentespri a, epi kan menm yon demon. Se vre. Mwen kapab pwouve w sa. Wi, an verite. E apre sa remake...kan yo te kanpe la.

211 Kifè, lang se pa evidans Sentespri a. Se youn nan don Sentespri a. Ou wè? E le dyab ka imite tout bagay ke Li genyen. Gerizon Divin ak tout lòt bagay.

Li te di, "Anpil va vin jwenn Mwen jou sa, pou di, 'Seyè, èske m pat chase demon? Èske m pat..." Sa se preche Levanjil. "Èske m pat fè zèv pwisan nan Non W, epi tout bagay sa yo la?" Mwen va di, 'Retire w bò kote M, oumenm ouvriye inikite. M pat menm konnen w.'"

212 Bib la di, ke, "Lapli tonbe sou toulède jis ak enjis la." E menm pye pikan an, ki plante pampible nan chan an la, kapab kontan ap kriye, avèk menm dlo ki tonbe sou li, menm jan avèk lapli ke yo voye pou toulède. "Men se pa fwi yo ou va rekonèt yo." Vye ti pikan sa ka leve kanpe la, pou l jis kontan ap rele plis ke l kapab, jis ranpli menm jan ak ble a parapò a lapli a.

213 Men ni. Kifè yo ka kriye, pale an lang, epi imite tout sa yo vle; nan jou sa, epi rele, "Ouvriye inikite."

214 Tankou m te di nou an, sa fè on ti moman, tandé sa m te di! Tande byen. Gade avèk atansyon, egzamine nou noumenm ak Pawòl la pou w wè ki kote w ye.

215 Noumenm fanm yo ki gen cheve koupe, kite yo pouse. W ap mete chòt; debarase avè yo. Aji tankou yon dam. Noumenm lèzòm ki ap fimen sigarèt ankò, epi k ap kouri al nan sal biya, stope sa. M pa fè ka konbyen ou pretann. Si w ap kenbe ankò òganizasyon sa, pou ap di, "Se Sa, epi se Sa," ou ta fè mye pou stope. Gade avèk atansyon, egzamine l avèk Pawòl la. Nou ap abouti drèt ap soti...

216 Nou dwe viv depase cheve koupe ak tout bagay konsa. Aj sa kounye a, nou retounen nan Yon Bagay kounye a, Bondye ki ap revele mistè kache yo, ki te plase nan Liv la anvan fondasyon mond lan. E sila yo ki te obeyi nan ti bagay sa yo, va sezi L nan lòt bagay sa yo. Si yo pat fè l, Sa va pase anlè tèt yo, menm jan lès elwaye l de Iwès. Sa va jis...

217 Tankou Jedeyon, ki t ap separe moun li yo. Te gen dè milye de milye. Bondye te di, "Gen twòp. Separe yo ankò. Separe yo ankò." Epi ap desann, jiskaske li te gen on ti ponyen. Li te di, "Se ak gwoup sa M vle fè travay la." Se egzakteman sa k te rive.

218 Fanm Pannkotis (ap ale tounen) ki chita la, ap tandé e ki konnen, pa Pawòl la, ke se fo. Ou panse yo pral dakò avèk Sa? Non, mesye. Chak ane, lè m de pasaj, gen plis ak cheve koupe ke lè m te kòmanse.

219 Li te di, "Kisa k ta dwe fèt...Ou dwe..." Yon moun te di, "Ebyen, Frè Branham, moun yo konsidere w kòm on pwofèt."

Bon, mwen pa di m se pwofèt. Pèsonn pa tandé m di sa. Men m pral di sa, ke si-si w te fè sa, si w konsidere l...

Li te di, "Poukisa w pa anseye moun yo kouman pou yo resevwa Sentespri a, epi kouman pou w gen sesi, e kouman pou w gen gran don espirityèl pou ede legliz?"

Kouman m ka fè anseye yo aljèb kan yo pa menm konn ABC yo? Se vre. Fè ti bagay sa yo. Desann la jouk anba e efase I, epi kòmanse kòrèk. Amèn. Dakò.

220 De kisa m t ap pale la, ankò a? Annou wè. Mwen pat gen entansyon elwaye m de sijè a. Eksize m, ou wè. Dakò. "Kèk nan...kèk nan nou melanje. Èske Eli se menm lan ke..." Ya, en-en, se sa.

Non. Eli sa ki va vini pou moun lòt Nasyon yo, li va yon moun lòt Nasyon yo ki wenn avèk espri sa, paske Bondye te itilize menm espri sa pou fè pèp Li soti nan deblozay a chak fwa. E sa te toujou byen sèvi bi Li, kifè Li revoye I desann ankò. Paske, ou wè...

Paske, kounye a, si L itilize youn ki edike, byen prepare, se kalite sa I ap atrape.

221 Li pran yon nom ki apèn konn ABC I, e ki paka pwononse mo I yo byen, ak tout lòt bagay konsa; kèk vye bagay nan dezè a kèkpa deyò laba, epi fè L antre pou mete I nan nivo pèp ak mantalite senp sa. /Frè Branham klake dwèt li yon fwa--Editè a./ E yo sezi L, konsa. Yo sezi L, ou wè. Si Sa te vini, epi kòl...

222 Tankou Pòl te di, "Mwen pat vin kote nou avèk edikasyon byen rafine, men m te vin kote nou nan Pwisans rezirèksyon an." Bondye te pran twazan edmi, anba an Arabi la, pou Li te fè I soumèt, edikasyon li an. Li te pran--Li te pran karantan pou L te soti I nan Moyiz. Ou wè? Men ni. Sa se...

Mwen pa di ke Bondye pa...Mwen pap apiye inyorans kounye a, men m ap--m ap eseye di nou ke sa pa pran...Edikasyon pa...

223 Sajès mond sa se le kontrè. Edikasyon se pi gwo anpèchman ke Levanjil te janm genyen. Si nou pat gen edikasyon, nou patap gen tout gwo seminè sa yo ak bagay nou gen kounye a. Se t ap moun, ak senp mantalite, ki t ap tandé Pawòl la. Men yo tèlman rafine epi melanje, epi mare deyò a la, ak òganizasyon sa yo, jiskaske yo pral rete avè I, malgretou. Se tou. Yo te pran espri sa. Èske w te janm pran yon bon fanm, pou marye I ak yon nom degrade fini? Nonm degrade fini sa se oubyen li vin yon--yon bon moun tankou fanm lan, oubyen fanm lan vin degrade fini tankou I. Ou wè? Se sa.

224 Se rezon sa kifè L te di, "Soti nan mitan yo, lè M va prè pou pwovoke Anlèvman sa." Ou oblige gen yon jan de fwa ki va fè w soti la.

**190 Kilè alyans, Danyèl 9:27 la, te konfime pou on semèn lan?**

225 Mwatye ladan I te konfime, alyans sa, kan Jezikri te sou tè a ap preche Jwif yo. Li pat janm al kote moun lòt Nasyon yo ditou. E Li te di disip Li yo, "Pa al kot moun lòt Nasyon yo." Se te pou Jwif yo, sèlman. Ou wè? E Li te preche pandan twazan edmi. Sa se mwatye swasant diyèm semèn lan, kounye a, jan Danyèl te di Li t ap fèt la.

226 Bon, ou sonje, Li te konfime de fason fèm pou Jwif yo. Men jye yo te avegle, pou te fè moun lòt Nasyon yo antre. Èske w paka wè tout pwogram lan nèt? Ou wè? E Li te pwouve I Limenm, antan ke yon pwofèt, ki te fè egzakteman sa ke pwofèt la sipoze fè, Li te montre yo siy on pwofèt. "Èske, pwòp Pawòl ou a pa di, 'Si yon nonm di li espirityèl, oswa li se yon pwofèt, siveye sa I ap di; e si sa akonpli, jis kontinye ap akonpli, sa li te di a, kontinyèlman.'"

227 Tankou, ou gade nan Bib la, li di, "Frape, sa va louvri; chache, ou va jwenn; mande, yo va ba ou." Bon, si w remake, sa di "ap frape." Jis kontinye ap frape. /Frè Branham kontinye ap frape sou chè a venn twa fwa--Editè a./ Rete drèt la. Tankou jij mechan an, ki patap tandem fanm lan; li jis te kontinye ap frape pòt li. Li di, "Mwen remèt mwen nan men W." /Frè Branham sispann frape./ Se pa chache, pou ap di, "Seyè m ta renmen gen sesi. Amèn." Se pa sa. Rete jis la jiskaske w jwenn li. Ou konnen sa pral vini. Kifè, Li te pwomèt sa, kidonk jis rete drèt la jiskaske w met men sou li. Ou wè?

Bon, kounye a, nan dènye pati, swasant diyèm semèn lan, dènye pati a va rive pandan tan peryòd Tribilasyon an, apre Anlèvman Legliz. Alò men twazan edmi an la, ke sa va konfime pou yo ankò pa pwofèt yo, ou wè, Moyiz ak Eli, Apokalips 11. Bon ann wè kisa sa ye:

**191 Si w se youn nan sa L chwazi yo, èske w ap monte ak Lepouz? (Wi. En-en. Wi, mesye. Sa a fasil.)**

**192 Frè Branham, èske w te vle di sèt mil ki pat flechi jenou yo devan Baal, oswa sèt san?**

228 Sèt mil, mwen te vle di. Ekskize m pou sa, ou wè. Jis on...Se jis on--on fason pou pale. M te jis...

Tankou, m te di sa fè on ti tan. Èske w te remake m ki te kanpe la, m te di, "E--e li te temwaye, li te wè Ayo a..."? Ou wè? Ayo a te son latè. Ou wè? "Li te temwaye, li te wè Lespri Bondye ki t ap vini sou Ayo a."

229 Bon, anndan la, sa te di, "Sila a se Pitit cheri Mwen, Mwen pran plezi rete nan Li." Ou wè? Bon, sa te ekri nan yon fòm Grèk ki aktyèl, ap mete vèb la anvan advèb la. Men ou remake la, an reyalite se sa. Kounye a jis pran Mo a, ou wè. Bib la di, nan vèsyon Sen Jak la, "Sila a

se Ptit cheri M lan, ke nan Li sa fè M plezi pou M abite.” Ou taka jis vire I, ou wè. Ou wè? “Sila a se Ptit cheri M lan, ke nan Li M pran plezi pou M abite.” Ou wè? Bon, nou te ka di jodi a, “Sila se Ptit cheri Mwen ke nan Li M pran plezi pou M abite ladann.” Ou wè, menm mo a, jis vire I. Ou wè?

230 Bon, wi, m te vle di...Ekskize m, souple. Mwen...E--e, frè m yo, nou menm ki ap tandem bann yo laba, ak zanmi m yo, tandem. Se pat entansyon m pou m te di sa konsa. Mwen--mwen-mwen se yon minis Levanjil. Mwen, anpil fwa jan m te preche sa, m te konnen ke se te sèt mil. Sa jis rive ke m te di sèt san. Mwen jis pat vle di sèt san. M te vle di, ou...M jis pat li l apati de Ekriti a. Li te jis vin nan panse m pandan m t ap pale, e m te jis di sèt san olye de sèt mil. M fè erè sa yo tout tan. Se sèten mwen--mwen se yon moun sòt, kifè ekskize m. Ou wè? Mwen pat vle fè sa. Èske se vre?

#### **193. Èske Epouz Kris la, ak Kò Kris la, se menm lan?**

231 Wi, mesye! Ou wè? Kounye a, isi a, kounye a ou wè, m pa vle pran kòmanse sou sa a, paske m g on pre-...preche on predikasyon sou sa, ou wè. Men m pap fè sa. Men m vle montre nou. Lè Bondye te bay Adan madanm li, sot nan kòt li, li te di: “Li se chè nan chè mwen, ak zo nan zo mwen.” Èske se vre?

232 Kan Bondye te bay Kris Epouz Li, Lespri te bay chè a pou Lepouz, yo te frape L, pèse kòt Li anba kè L, epi dlo, San, ak Espri, te soti; sa te vin “pwòp chè Li, pwòp zo li.” Nou se chè ak zo L; Lepouz va vin chè ak zo Kris, egzakteman. Yo se...Sa se Lepouz.

#### **194. Èske Lepouz Kris la gen...?Èske Lepouz Kris la va gen yon ministè anvan Anlèvman an?**

233 Sèten. Se sa k ap fèt kounye a, ou wè, Lepouz Kris la. Sètènman. Se Mesaj pou lè a, ou wè, Lepouz Kris la. Sèten. Li konpoze de apot, pwofèt, anseyan, evanjelis, ak pastè. Èske se sa? /Kongregasyon an di, “Amèn.”--Editè a./ Sa se Lepouz Kris la. Sèten. Li gen on ministè, on gran ministè, ministè pou lè a. Sa va tèlman enb.

234 Bon sonje. Konbyen moun ki te la, lè premye, kan mwen...? Dimanch dènye, ou wè, sonje sou kisa m te preche? Imilite. O, pa blyie sa. M pral rete nan yon minit, pou avèti sou sa ankò. Sonje, kan Bondye predi ke yon gwo bagay pral rive, moun yo ap gade tèlman lwen, ak sajès yo, jiskaske yo manke sa k ap rive a. Kan Bondye deklare on bagay gran, mond lan ri sa. “Bann inyoran sa yo!” Dakò.

Men kan gwo zafè nan mond lan, ak gwo legliz, di, "Gason mwen, se gloriye!" Bondye di, "On bann inyoran!" Kifè, ou wè, ou dwe siveye. Mwen pa vle di l fason sa, egzakteman fason sa, men se konsa sa ye.

235 Gade! Men yon gwo, sen legliz ottodòks, "Nou konn Pawòl la. Nou gen lekòl. Nou gen seminè. Nou gen mesye nou yo ki tèlman rafine! Ebyen, depi dè santèn dane nou rete fidèl a Jewova. Nou se Legliz. Nou se Sannedren an. Nou gen Konsil Legliz yo la. Farizyen ak Sadiseyen yo toulède, ak tout denominasyon yo, rasable ansanm," menm jan n ap fè la. Ou wè? "Nou tout se youn, Konsil legliz la-la. Nou se gwo zafè yo isit la. Nou konn Ekriti sa. Kisa yon ti bonòm inyoran anba la nan rivyè a, ak bab pandye sou figi l, epi yon mòso po mouton ka di nou?" Sètènman, yo patap tande Sa.

236 Men Bib la di, nan Malachi cha...4 oswa chapit 3, "Mwen va voye mesaje Mwen devan fas Mwen, pou prepare chemen an pou Mwen." Sèt san douz an anvan la, Jan...O, Ezayi gran pwofèt la te kanpe la, pou di, "Va gen vwa youn ki ap kriye nan dezè a, 'Prepare chemen an pou Seyè a, e li va rann sante L dwat.'" Se jis. E l te di...E Dav-...O, anpil nan yo! Li te di, "Chak kote ki nan otè va rabese."

237 O, yo te di "Va gen on...Kan nonm sa va vini, li va pwente dwèt li, e li va deplase montay. O, e tout kote ki plat atè yo, fose yo, va relve. Alò tout bagay, sa se tout kote ki rabote yo, va lis. Frè, nou va plante mayi nan chak chan toupatou isit la. Epi, o, nou pral akonpli gwo bagay kan nonm sa va vini." Ou wè?

238 Yo te atann yo pou Bondye ta pran manivèl la epi mete l an aksyon, fè koridò a desann, pou di, "Vin desann, ou menm gran anonsè Mesi a." E apre sa menm kote l pati a, yo t ap rale l met dèyè, e ministè li t ap fini. Yo t ap remonte l ankò, pou mete l drèt la akote seminè a, pou di, "Dakò, Pitit cheri Mwen, mache desann pou al di yo. Ou wè? O, la la!"

239 Gade, kan l te apwoche. Kèlkeswa sak te rive a? Men yon nonm ki pat konnen okenn nan lekòl yo a. Pat menm gen yon kat manb. O! Pat gen okenn repitasyon. Non. Pèsonn pat konnen si l te janm al lekòl yon jou nan vi l. Ou patap ka di sa pa fason l pale. Li pat menm konn pale avèk ekspresyon tankou on...moun ki nan zafè legliz. Li te konn pale de sèpan, rach, ak dezè, epi--epi--epi bagay konsa, ou wè, pyebwa. Li pat konn pale dapre ekspresyon moun nan zafè legliz ki tabli pou tan an, oswa pou jodi sa oswa nenpòt lòt jou a.

240 Li te vini "malouk" jan nou rele l an Indiana a. Li te soti nan bwa forè sovaj kèkpa. Pat menm janm fè bab li, epi cheve l te drese soti sou tèt li. M pa imajine m li te konn benyen; yon fwa chak de ou twa mwa. Kòrèk. Li pa janm mete pijama lannwit. Li pa janm monte nan yon machin. Li pa janm brose dan l. O, la la! Ala on bonòm sa te ye! Sètènman pa.

241 Men li k ap vini, ap foule dezè a, konsa, pou di, "Mwen se vwa sila a k ap kriye nan dezè a. Prepare chemen pou Seyè a, e rann santye Li dwat!"

242 Kèk nan anseyan yo te kanpe e yo te di, "Huh, yo di, zanmi, èske w gen...? Nou paka kolabore avè w nan kanpay sa. Isi a nou paka fè sa. Ebyen, kote--kote kat ou? Kot idantifikasiyon w?" Li jis pat okipe yo. Li te gen on mesaj, kifè li annik te ale avè l, ou wè, ap preche menm jan an.

243 Yo te di, "Ebyen kounye a, tann! Ebyen, si nou desann al la, nou va pran evèk la anba a, jodi a, pou wè sa l di sou sa. Nou pral anba la si nou konnen. Sa yo se tèt legliz. E nou konnen ke li oblige rekonèt sa. Si l pou Bondye, li va rekonèt evèk nou yo."

244 Mete yo tout la an ran, pou yo kanpe deyò a la, diyitè sa yo.

245 Li te di, "Nou menm jenerasyon vipè! Nou menm sèpan nan zèb!" Ak kòlèt nou tounen lanvè, epi "sen pè," elatriye. "Kimoun ki aprann nou kouri devan kòlè k ap vini an? Nou konnen ke lè nou rive. Piga w panse sa...Ou va di, 'Ebyen, nou fè pati de sesi, sela.' Mwen vle di w, Bondye ke m ap sèvi a ka sisite timoun pou Abraham apati de wòch sa yo." O, la la!

246 Bon ou va pran vèsyon lanvè l la, apati yon diskou moun legliz. "Mwen di ke kout rach ap bay nan rasin pyebwa a!" Pa konsekan tout pyebwa ki pa pote bon fwi dwe koupe pou yo jete l nan dife! O, m ap batize nou efektivman avèk dlo, pou repantans, men Sila ki ap vini apre m lan. Lalin lan va tounen san! E nou va...o, la, la, Li va netwaye espas la antyèman! E Li va pran pay la-la e Li va brile l avèk dife ki paka etenn, e Li va pran ble a pou mete l nan grenye. Li va separe ble a ak move zèb la." O, la la! Ala on mesaj!

247 Yo te di, "Nonm sa? Huh! Kisa l ka di, ki--ki--kilè l te ye? O, inyorans! Nou gen moun pou sitiyasyon an drèt la, Frè Jones. Li se moun ki pral fè sa, si ta gen youn nan aj sa. Evèk Entèl-entèl va fè l; Sen Pè Entèl-entèl." O, la la! Ou wè?

Bondye nan senplisite, ou wè, ki ap travay nan senplisite.

248 Apre sa, premye bagay ou konnen, li kanpe la on jou, e li te di, "Wi, Li kanpe nan mitan nou!" Li te tèlman sèten ke li te anonsè sa. Li te konnen kimoun li te ye. Se rezon sa kifè li te kapab sekwe met deyò kachotri yo. Li te di, "Bon, piga nou tranble, men jis avanse epi kontinye. Noumenm sòlda, obeyi mèt nou. E si nou fè yon mechanste, pran sa..."

249 "Kisa pou nou fè? Èske nou dwe abandone fè sesi? Èske nou dwe stope fè sesi?"

250 Li te di, "Jis kontinye jan nou ye a. Kontinye. Kontinye. Avanse. Si w ap kiltive pòm de tè, kiltive yo. Ou wè? Noumenm sòlda, pa fè okenn vyolans. E--e--fè sa. E kèlkeswa sa l ye a, jis kontinye jan w ye a. Obeyi a mèt ou, elatriye."

"Rabi, kisa nou dwe fè?"

251 "Jis kontinye jan nou ye a, ou wè. Men gen Youn nan mitan nou, ke nou pa konnen." Li te konn sa, se te tan mesaj li a. Li te konnen ke l te gen pou l entwodwi Moun sa. Li te konnen ke Li te la. "Youn ki nan mitan nou! Nou pa wè L. Bagay yo ap kontinye, nou pa konn anyen de sa." E kifè, alò, "Gen--gen yon bagay ki pral rive," li di, "ou wè, e Li va la. E mwen va konnen L."

252 E finalman, yon jou, li te di, "Men ni, men Li! Men Ayo Bondye a ki retire peche mond lan!" Li te di, "E tan m fini kounye a. Mwen te entwodui nou a Li. Mwen dwe diminye kounye a. Mwen dwe kite sèn lan. Li va pran mayèt la apati de la."

"Milenyòm lan va etabli, toutswit, ou wè, e tan--tan an rive." Apre sa kan Li va vini, kan...

253 Menm Jan te di, "Li pral, o, Li pral vannen pay la pou voye ale. Li pral--Li pral separe ble a avèk pay la, e Li pral brile l. E Li pral netwaye espas Li antyèman, e laye L nan men L!" Men kisa Li te ye? Yon ti, zwit...

254 Bon, yo te genyen l tout byen chematize, "O, gason mwen! Li va gen yon javlo ki va yon mil de lon. Li va kanpe ankò, isit la an Palestine, jis kanpe la epi jis...sou youn nan nyaj blanch sa yo, e li va ramase tout women sa yo, konsa, epi jete yo nan lanfè. jis kontinye ap fè konsa, ou wè, jiskaske Li pran yo tout nèt." Ebyen, yo te gen tou sa byen monte.

E kan sa te rive, on ti Ayo te soti ap aji pamí yo, dou epi janti, yo t ap fè presyon sou fason sa e sou lòt fason sa.

255 Menm Jan te di. Kounye a gade Jan, pwofèt la; li te di, "Al mande L. Èske se Li efektivman ki se Sila a?" Tèlman enb, jouk pwofèt sa te rate l. Li te di, "Èske Li se Sila a, ou èske nou dwe ap chache yon lòt?"

256 Bon, Li pat janm te ba l on liv pou disip sa yo, nan--nan Matye 11. Yo te vini e yo te mande L, kan disip Jan yo...

Jan te nan prizon. Kifè li te tou dekoraje jiskaske li...Mwen kwè ke se Pember ki te di, "Èg pa L la te gen jye l brouye, anba la," ou wè. Li te ka...Li--li te vrèman rabese jouk atè; li te konn ap plane dan lèzè. Men kan pwofesi l la te fini, li te retonbe sou tè a ankò, ou wè, paske,

yo te mete I nan prizon, ou wè. Li patka itilize gwo zèl sa yo ankò, kifè li te jis blayi atè a la. Men li te konn vole pi wo ke nenpòt nan lòt rès yo.

257 Kite m montre w yon bagay. Bondye te itilize I. E Jezi te konnen, ou wè, paske se te Bondye enkane la. Ou wè? Li te...Kifè, Li--Li te di la, Li te di...

Bon, Li pat janm te ba I on liv sou kijan pou I konpòte tèt li nan prizon; Li di, "Bon tann yon minit. M pral ekri yon ti esè la, e retounen al di Jan kijan pou I konpòte tèt li kan li nan prizon, akoz de Mwen." Ou wè? Non, Li pat janm di sa.

258 Li pat di, "Al di Jan ke li dwe gen diplòm Doktora anvan I soti deyò." Ou wè? Si I te fè sa, li t ap avèk rès lòt yo; li t ap youn k ap rejte.

Jan te onèt e li te poze I kesyon an.

259 e Li te di, "Jis tann jiskaske reyinyon an fini, e apre sa al montre Jan sa k te rive, alò li va konnen. Si nou di I sa k ap fèt, alò li va konnen." Ou wè? Ou wè? "Jis ale kite I...Di I. Di I se...Li nan prizon e li paka la. Men-men nou menm chita nan reyinyon an, e nou wè sa k te rive. Nou al di I."

Kifè, apre sa disip yo te di, "Trè byen Mèt."

260 E yo te pati sou tèt kolin yo. Jezi te chita sou wòch sa, jis siveye yo jiskaske yo te travèse epi yo te monte sou kolin lan.

261 Li te vire nan direksyon kongregasyon an pou di "Kilès, kilès nou te soti al wè, nan epòk Jan?" Ou wè? Il te di, "Kisa nou te soti al wè? Èske nou te soti al wè yon nonm ki gen kòlèt kòl li tounen, ak gan dou, epi trè rafine e edike. Èske se jan de moun sa nou te soti al wè?" Li te di, "Non. Ou konn kisa jan de espès sa yo ye? Y ap bo ti bebe, epi, ou konnen, y ap travay nan palè wa yo. Yo, se--se pa jan de moun sa yo Jan te ye."

262 "Ebyen," li te di, "alò, poukisa nou te al la? Pou te wè yon nonm ke yo te bay on ministè e ki va branche I drèt sou yon òganizasyon, oswa yon bagay konsa? Ki te sekwe ak tout...Apre sa, si Initè yo--yo pa vle I, li va al fè wout li ak Trinitè yo? E si Trinitè yo pa vle I, li va al jwenn Legliz de Dye, nenpòt kote a? Èske se jan de moun sa nou te al wè, ki te sekwe avèk nenpòt branch rozo? O, non. Pa Jan."

263 Li te di, "Alò kisa nou t al wè? Yon pwofèt?" Li te di, "E Mwen di ke se sa. Men Mwen pral di nou on bagay ke nou pa konnen; li te plis ke yon pwofèt. Li te plis. Si nou ka resevwa sa, se sila yo te ekri de li, nan Bib la, ou wè, laba la, Lèzekriti, 'M va voye mesaje M devan figi Mwen,' Malachi 3, ou wè, 'e li va prepare chemen an davans pou Mwen.'" Ou wè?

264 E yo pat konprann. Menm disip yo pat sezi l, ou wè. Se vre. O, la la! Senplisite! Rete enb, ou wè. Jis desann ou...Kan Bondye pwomèt yon gwo bagay, ou wè, sa gwo pou Li.

265 Bon, si nou ta vle toujou gade sa nan panse nou, m vle ke nou...Gade sa nan panse nou. E kan sa va rive, alò nou ka chanje l. Lonje men nou bese pou ramase youn nan ti flè prentan sa yo ki ap vini ane sa a, oswa pran yon branch zèb nòmal epi kenbe nan men w, pou di, "Mwen pral kenbe sa kounye a, pou wè yon bagay, tèlman senp, pou te fè sa a. E m ta renmen w wè sèvo, ki ka voye yon fize sou lalin, fè branch zèb sa." Ap toujou genyen l. Nou mèt asire nou sou sa. Nou va toujou genyen l. Ou wè? Branch zèb sa gen lavi nan li, ou wè. Sa tèlman senp e enb.

266 Nou wè, si yon nonm se yon grantòm, se kòrèk, men si l gran ase li ka vin senp, ou wè. Li va jwenn Bondye. Men si l pa vin senp, li pap janm wè Li. Kifè ou dwe vin senp. Kounye a vèsè...

**195. Nan Apokalips, vèsè 5:9, kimoun yo te jwenn k ap chante--k ap chante kan Ayo a te pran Liv la soti nan--soti nan...te pran Liv la? Èske--èske sila yo se te sen ki te anlve yo?**

267 Non. Apokalips 6...5:9, pito. Non. Si nou remake, sila yo se pa sen yo. Yo te gen...Li potko janm reklame pwopriyete L yo ankò Ou wè? Sa se pa sen yo. Si nou remake, yo se ansyen yo avèk Èt vivan yo, e yo t ap chante.

268 Annou li l, pou moun yo...E apre sa m va eseye...Mwen gen apeprè yon demi douzèn de plis la, e mwen kwè m ap kapab pran yo nan kèk minit. Annou wè. Apokalips 5:9. Bon annou li jis on tikras anvan. Konsa, moun lan, kounye a, li onèt konsènan sa, e li vle konnen. Obseve.

*E kan li te pran--te pran liv la, kat èt vivan yo ak venn kat ansyen yo te tonbe devan Ayo a, yo chak avèk ap yo,...avèk vesò annò ranpli ak odè, ki se priyè sen yo.*

*E yo te chante yon nouvo chan, (ou wè, ou wè,) yo t ap di, Ou diy pou pran liv la, e pou louvri L, (ou wè,...ou te rachte nou...*

*E...te fè nou vin prèt ak wa...*

269 Sa se gwoup Selès la, se pokò rachte yo ankò. Dakò, bon.

**Frè Branham, si tout...**

Bon jis on moman. /Frè Branham fè yon poz--Editè a./ Mwen kwè, kisa...Ekskize m.

**Frè Branham, si--si tout moun ki gen pyete yo, (ya), moun ki gen pyete yo te pati al nan anlèvman, ki kote Eli ak...ak Moyiz ap soti?**

270 Gen on bagay ki fo. Gen on bagay ki fo. Se jis sèlman sa ki gen rapò avè l. Gen--gen yon bagay ki rive. Ou wè? Gen on bagay ki pa mache kèk pa. Tout moun santi yo byen? /Kongregasyon an di, "Amèn."Editè a./ Gen non...Pa gen okenn malad, oswa anyen?

/Yon frè nan asanble a di, "Li vèsè 9 sa ankò, nan Apokalips 5."/ Annou wè, Apokalips...Ki kote sa te ye, frè? /"5."/ 5. /"5."/

O, kesyon an! O, se kesyon mwen jis sot reponn lan. Bon ann wè. "Ou..." Se bon plas la:

*E kan li te lou-...liv la, kat èt vivan yo ak venn kat ansyen yo te tonbe devan Ayo a, yo chak ak ap yo, ak vesò annò ranpli ak odè, ki se priyè sen yo.*

*E yo te chante yon novo chan, ap di, Ou diy pou pran liv la, e pou louvri so a: paske ou te...te imole, e...*

Men ni! Men ni! Mwen te gen tò sou sa. Ou wè?

*...ou te rachte nou pou Bondye avèk san an...soti nan chak ras...*

271 Se sa. Bon, kisa nou panse de sa? O, si Prezans Sentespri a pa la, se kisa? Li patap pèmèt...Ou wè, m te sèlman li premye pati vèsè a. Ou wè, se--se jis on vè-...oswa on bagay ki te ekri la, e m t ap eseye pase atravè l, ap gade revèy olòj sa. Men ou wè se Limenm ki stope m sou sa? Glwa! Ou wè, m pat janm li lòt pati a. Ou wè, m te rive la, "E..." Gade la, "E yo--e yo t ap chante yon novo chan," e m te stope. ou wè. Men, gade la, "Chan yo t ap chante a, t ap di, 'Ou te rachte nou soti nan tout ras, lang , ak nasyon. Sèten se yo. O la la! O la la! Ou sezi l? E, an pasan, gen yon lòt kesyon anba la, tou.

**196. Èske w kapab (k-o-n-t-w-o-...) kontwole sila ke yo te bay...? Ebyen, kontwole "sila ke yo te bay wòb blanch yo," nan Apokalips 6:11, avèk "sila ki te lave wòb yo nan San Ayo a?"**

272 Kounye a ann wè, Apokalips 6. M jis pa ka prese sou sa, mesye dam, tankou sa a isi a, ou wè, paske sa pral...M pral reponn on bagay ki pa sa. Kounye a, Li pat vle-Li pat vle m fè sa. Se laverite, kifè ede m. Sentespri Bondye a konnen se laverite. Ou wè? M jis...G on bagay jis...M-m jis te gade l...M tap gade revèy la, onzè edmi, epi m te panse: "Si m pa prese kounye a, m pap rive priye pou malad yo." E m ap eseye pran sa a. Paske m...E lespri m sitèlman...M pa ka...

273 Nou sonje, nou jis dwe konprann kounye a, m-m s on imen, ou wè. E m-m te anndan la a pandan sèt jou, e pa m...E m deja g on bagay, apremidi an, m dwe jwenn nan men Bondye.

274 Men, Li te sitèlman deside ke m pa tap fè erè sa a, yo te tounen rele m pou li rès vèsè sa a. M jis...Sa jis santi tankou On Bagay te jis woule sou mwen la a, epi te di: "Tounen! Tounen!"

M te panse: "Tounen'? Kisa? Kanpe touswit epi kòmande priye pou malad yo? Men kisa-kisa l ye? Kisa m te fè?

Epi m te jis kòmanse pran sa a, yon moun te di: "Reli vèsè a ankò." Epi m te reli I. E la a, anba kesyon sa a, men l te la a, ou wè: "Apokalips 6."

275 Ou wè, m te li premye an. Sa te sonnen tankou I, premye an, ou wè: "Epi yo te chante on nouvo chante."

Men anba isi a, ou wè sa l te ye? Pwochen an, kontinye vini: "Te rachte nou." Sèten, se te Bib lan, sen ki anlve yo. "Èske n te ka..." E isi a, se sèten, Ayo an-an te gen Liv lan nan men L. Li te fin kite Twòn lagras medyasyon an. Ou wè? Nou wè kijan Sentespri an veye sa? Paske, egzakteman, sa se menm bagay m te di lòt jou swa a.

276 Lè L te pale avè m nan sal la, epi m te desann isi a epi preche pou nou tout, ke: "Lè Ayo an te kite plas la." O la la! Kounye a m kwè n ap jis pran yon tèks. Ou wè: "Ayo an te kite fotèy Li a epi avanse," ou wè, jan m te leve la a lè L te prezan, Limyè sa a, ki se Kris; lè L te prezan, te di sa. Lè Ayo an kite fotèy sa a nan Twòn lan, kòm li te yon Mediyatè, Li vin isi a, epi Jou Redanmsyon pou Legliz la fini.

277 Pwochen redanmsyon an louvri, se pou Jwif yo, sankarannkat mil lan. Èske se vre? Paske L te pwomèt Li tap koupe pyebwa a, nou konnen.

278 Kounye a, men, kounye a men Li soti, Ayo an, epi apresa Jou Redanmsyon an fini. Epi tout sa k pral rachte yo, te deja rachte epi mete sou Liv la, epi Li deyò isi a ap louvri Liv lan. Egzak!

279 O, mèsi a Oumenm, Seyè. Ou wè? Padone sèvitè W la, ki sou nè, poutèt l ap eseye kouri sou on bagay.

**Kounye a, èske n te ka tolere "rad blan sa yo ki te bay," nan Apokalips 6:11...**

280 Kounye a ann wè, 6:11. Trè byen. Kote n rive sou sa kounye a? "Rad blan," ya, sa se krisifye a-a, anba lotèl la. Jwif yo-yo, nan mitan tan sa a: "Yo te ba yo rad blan."

**...ak “sila yo ki te lave rad yo nan San Ayo an,” nan Apokalips 7:14?**

281 Non. Kounye a, sa diferan, se sèten. Paske, ou wè, isi a, nou dekouvre *isi a*, ke “yo te bay sila yo rad blan,” bò isi a nan tan sa a. “Yo te ba yo rad blan,” yomenm, pa gras. E sila yo *isi a*, “Te lave rad yo nan San Ayo an,” e la a nan Apokalips bò isi a, sa se “gran foul moun ki monte devan Bondye, nan tout ras, lang, ak nasyon” sa a. E *sila yo* se dirèkteman egzakteman pou mati yo, Jwif yo, nou wè. Bon, kounye a sa a kòrèk, kounye a.

**197. Frè Branham, si tout sa ki te sèvi Bondye yo, yo te pran yo monte nan Anlèvman an, kote Eli ak Moyiz lan pral soti? Èske yo pral Jwif? Oswa èske Eli nou an, ke yo ban nou an, ap-ap avè yo?**

282 Non. Moun lòt Nasyon yo-yo k ap wenn ak lespri sa a, pou rele Moun lòt Nasyon yo soti, yo pral pran yo ale. Paske, nou wè, Legliz la an antye, tout, yo te pran yo monte. E de pwofèt sa yo, nan-nan chapit 11 lan, yo te mennen yo desann. E jou lagras la fini ak Moun lòt Nasyon yo, e yo te voye yo pou Jwif yo. Non, se pap menm moun lan. Kounye a, m-m sèten de sa anpil. Kounye a sonje, sila yo se jis selon pi bon konesans mwen.

Ann wè sa I ye, di isi a. Kesyon: “Èske ble an ak diven...” O, “Èske...” B-l-e. Non, m imajine li-li te vle di: “Kisa ke...” Li pa g on “kisa” la a. Jis di:

**198. Èske kisa ak diven an, oswa ble ak diven, kisa ke...nan Apokalips 6:6?**

Ann wè sa I ye, lè m rive anba isi a kounye a, sa isi a.

*Mwen tande yon vwa ki soti nan mitan kat bêt vivan yo ki t'ap di: Yon mezi ble pou yon kòb. Yon mezi pitimi pou yon kòb...Men, pa manyen ni diven an ni...lwil la.*

283 M imajine sa ap vle di “ble an ak diven an.” Se te youn, pou lòt la.

**S on senbòl, pito, diven ki pran nan tab kominyon an, nan Apo-...nan En Korentyen 11:24?**

284 “Èske diven an-diven an...” Non. Youn nan yo s on senbòl espirityèl, ou wè. Epi lòt la se an reyalite revelasyon Pawòl lan.

**199. Èske sa te sa ke rezon anpil moun malad, se paske nou pat disène Kò Seyè an? (Kòrèk!)**

**...men kounye a ki revele pa ouvèti Sizyèm So an?**

285 Kounye a, ann wè. Kite m jis wè si m ka konprann sa kounye a. Se pa ou; se mwen. Ou pat...Ou te ekri l trè byen; se jis mwen.

**Èske sa te ka ke rezon anpil moun malad, se paske nou pa disènè Kò Seyè an?**  
(Sa g on pwen dentèwogasyon, fen sa a.)

286 Ebyen, Lekriti di, ke: "Anpil moun malad epi fèb nan mitan nou, poutèt disèneman Kò Seyè a." Se egzakteman sa. Paske, ou wè, Kò Seyè a se Epouz lan. E anpil nan yo ale, epi yo pa al avè L. Se vre. Ou wè, yo pa konn kòman pou yo konpòte tèt yo. Viv nenpòt kalite vi; epi pran kominyon ak bagay. Sa pa bon. Ou wè? Lè moun yo pran kominyon, manti sa ak vòlè ak bwè, ak, sa-sa-sa tèrib. Nou pa ta dwe fè sa. Ou wè?

**...men kounye a ki revele pa ouvèti Sizyèm So an?**

287 "Ouvèti Sizyèm So an." Ann wè kounye a. Non. Kounye a, nou dekouvrí, Sizyèm So an ap louvri isi a, se te pou Jwif yo. Ou wè, Legliz lan-lan te fin pati. Sa se peryòd Tribilasyon an, kidonk sa pa tap menm lan. Non. Non. Se pa sa.

288 Youn nan yo s on diven espirityèl, se revelasyon Pawòl lan, apresa kwayan an-an vin eksite pa revelasyon Pawòl lan. Epi lòt la s on senbòl de San Jezi, ki te pran nan tab Seyè a. Kounye a, sa se pi bon konprann mwen sou li.

**200. Èske yon moun ki pa predestine ap asepte Seyè an? Si yo fè I, èske y ap tonbe olwen?**

Pa si yo te predestine. Non. Ou wè, yo pa kapab.

**201. Kote Lekriti ki montre ke...ke Katolisis pral twonpe Jwif yo epi pran byen yo?**

289 Kounye a: "Jis kote I di ke-ke-ke bét la pral twonpe pou richès lan?" Li pa di sa. Men n ap sipoze ke sa se te...Kounye a, lòt nwit lan, nou sonje. Gade kasèt la vrèman byen. M pat janm di se sa yo tap fè. M te di...Ou wè, Katolik yo se gwoup ki pi rich nan lemonn. Pa gen pèsòn tankou yo. E sa yo pa genyen, Jwif yo gen rès la.

290 Sa se kote ekonomi peyi sa a kounye a...N ap viv kounye a sou lajan taks, selon *Lifeline*, ki sot nan taks yo (sa soti dwat nan Washington, DC) ki pral peye nan karant an apati de jodi a. Se sa n ap depanse kounye a. Sa se nan pwen sa a nou fè dèyè, ap bay nòt pwomès dèt, ou wè, sou taks ki pral peye nan karantan apati de kounye a. Nasyon an razè. Li fini.

291 Kounye a, Castro, sèl bagay sanse ke I te janm fè, se te lè li fè imitasyon lajan an epi te peye nòt pwomès dèt yo, obligasyon yo, epi te boule yo, epi-epi te chanje lajan an. Sa se sèl bagay li te ka fè.

E gen sèlman yon bagay ki rete pou Etazini sa a fè. Kounye a sonje, sa se William Branham, ou wè, k ap pale. Sa se lide m. Se sèlman ap sipoze, jis ap gade l nan pozisyon natirèl la, ki ka yon milyon sisan mil kilomèt lwen sa a. M kwè sa la a menm, nan lajan sa a..."Lanmou lajan se rasin tout mal." E m kwè ke sa dwat tout anndan la a pral kòmanse fè boul la woule.

292 Kounye a, legliz Katolik la dèyè la a, sot nan fè peye pou mès, e latrье, kenbe richès lemonn. Nou sonje, Bib lan te di: "Li te rich," ak kijan l te ye. Epi, sonje, pa sèlman jis sou yon sèl nasyon. Li rich sou tout nasyon ki gen anba Syèl la. Li lonje men l. Li gen lajan an. Kounye a, sa yo pa genyen, Wall Street genyen l, ki kontwole pa Jwif yo.

293 Kounye a, e nou sonje, li te gen lajan an lè Jacob te retounen (yè swa nou te dekouvri) epi vin Izrayèl. Li vrèman te gen lajan an. Men lajan l lan pa tap achte anyen pou li, ou wè, pou Esau. Esau te genyen l, tou. Ou wè, toude anti, epi-epi sila a...Ou wè, li jis pafè menm jan an.

294 Kounye a gad isi a. M te di yo te ka vle fè youn ansanm sou lajan an, epi-epi pouvwa Women an pran pouvwa Jwif la, ak lajan, ap kase alyans lan. Sa te ka petèt pap sa. Ou wè, m konnen y ap kase l, men m-m pa konn ki rezon, paske sa pa revele ban mwen sou kisa yo pral fè.

295 Men gade. Kounye a, si jodi a, kounye a e si jodi a, sèl bagay ke n ka fè, se tap pou fè? Si n ap rale taks (si deklarasyon sa se vre) sot nan deviz lan, sot nan lajan taks de karant an apati de kounye a, nou wè, lò nou se...Nou fin depanse l. Nou razè. Nou pa gen okenn lajan. E n ap viv sèlman sou yon repitasyon ki pase.

296 Se sa legliz lan ap fè jodi a, legliz la; pa Epouz lan. Legliz lan ap viv sou yon repitasyon ki pase ke l te pran anvan lòtbò an anba ministè tan Lyon an. "Nou se Legliz la! Nou se manman Legliz la! Nou te kòmanse..." Se vre. Ou wè? L ap viv sou repitasyon!

297 Metodis ap viv sou repitasyon yo. Batis ap viv sou repitasyon yo. Epi Pannkotis ap viv sou pa yo. "Glwa pou Bondye! Sa fè lontan, lè sen yo te konn danse nan Lespri a, epi kijan yo... Seyè a te fè sesi epi sela." Sa, s on bagay ki pase. "Nou tout vin gran kounye a, frè." O la la! Ou wè? Tout repitasyon pase!

298 Nasyon sa a ap viv-ap viv sou yon repitasyon pase de sa zansèt yo te ye, ou wè, epi se pou rezon sa a nou panse n ap sove. Bondye pat janm respekte Izrayèl sou sa yo te ye, sa yo te ye; sa yo te ye lè sa a! Remake.

299 Men, kounye a, men sa m panse, sa m-m panse k ap pase. Kounye a, li ka pa konsa. M kwè tan an ap vini lè yo fòse nou pran desizyon an. E lè sa pral fèt, ke, nan plas nou chanje deviz...Kisa sa t ap fè Philip Morris? Kisa sa t ap fè konpayi wiski yo-yo? Kisa sa t ap fè endistri fè ak asye an? Kisa sa t ap fè tout komès lan? Kisa sa tap? Li tap kraze yo. Yo tap razè. Men, si: "Nou ka prete lajan sa a." Nou wè Kijan I entèlijan?

300 Apresa nasyon an vann tèt li bay legliz lan. Epi apre legliz ak leta reyini ankò, e men I vini. Ou wè? Se sa. Remake. Trè byen. Kounye a, nan sa a:

**202. Si on moun nan yon asosiyasyon òganizasyon pa gouvènman nou an, epi ka pale sa pwòp kè I kòmande I pou di, oswa nan Verite dènye jou an, èske yo pral rele I kòm youn nan “pwostitye yo”?**

301 Ann wè. "Si youn nan asosiyasyon òganizasyon an se..." Ebyen, ou wè, asosiyasyon òganizasyon an; òganizasyon an-an, gouvènman an te ba I dè dwa, pou I pale. Ou wè, sa pa g anyen pou wè avèk kè I. Ou wè? Kounye a, si I s on vrè kwayan, epi ne de Lespri Bondye an, yon moman oswa on lòt yo pral tcheke I. Ou wè? Li pa ka klè konsa epi apre pou I pa wè I.

302 Kounye a, m vle nou...Ou wè, nou vle sonje sa, zanmi, ke Bondye-Bondye pa janm fè sa, oswa te fè I nan nenpòt lè, otan ke m ka sonje, ou wè, men sa...

303 Gade, Jezi te-te kle ki domine an nan tout sa, paske L te Bondye, Emayèl, ki te fèt chè. Kounye a, gade Kanmarad sa a-sa a, Jezi. Lè...Èske n te konnen, lè Li vin sou latè, pat gen, m imajine, yon dizyèm nan mond lan ki te konnen L te isit la?

Èske n konnen, lè prekisè sa a vini, lè tout "mòn yo," ak bagay ki tap pase yo, pat gen yon santiyèm nan popilasyon Izrayèl la, m imajine, ki te janm konn sa? Èske sa pa etranj?

304 Pouki, te gen Jwif ak bagay, ak moun tout kote nan mond lan. Kounye a, sonje, Jezi te vini pou L s on temwen, kòm yon Sovè pou mond lan. Èske se vre? Pouki, yo te jis dè moun, apre moun, apre moun, apre ras, apre moun, ki pat menm janm konn anyen sou sa. Te kontinye tou dwat, jis tankou mond lan pat konn anyen sou sa; men, tout tan an, sa tap pase nan mond lan. Ou wè?

305 Poukisa L pat kite yo konnen? Li te vini, epi sila yo ki te predestine pou Lavi Etènèl te sila yo ki te resevwa L. Sa pa tap on-pa tap bon pou di rès ladan yo anyen, paske L pat ka rachte yo, paske yo pat menm rachtab. Poukisa sa te fèt, lè prêt sa yo te kanpe la a? Lè, L te dwe vin nan pwen sa a paske predestine yo te twouve yo anndan la a, nan tout viwonn lan, kidonk Li te dwe preche ba yo kòm yon gwoup.

306 E gran save yo ki ta dwe konnen L, te di: "Nonm sa a se Bèlzeboul. Nou pap gen Nonm sa a pou dirije nou, e latriye, ou wè. Nou pap fè sa."

Men yon vye ti pwositye, ak Lavi an anndan li, te predestine pou Lavi Etènèl, epi non I nan Pawòl Bondye a imòtèlman isi a. Te mache la a, epi, premye fwa Limyè sa a te frape ti semans sa a, byen rapid li te konnen l. [Frè Branham te klake dwèt li yon fwa—Editè a.]

307 Gade, yon ansyen moun kap fè lapèch vin bò la a. Men L te kanpe la a, ap fè siy ak bèl mèvèy, epi-epi ap di diferan moun sekrè kè yo, ap revele Tèt Li.

Epi, o la la, te gen Farizyen kanpe la a, epi te di: "Nonm sa a se Bèlzeboul." Yo te dwe reponn asanble yo.

308 Yo tout kanpe nan viwonn lan: "Doktè Jones, èske w ap desann epi koute Nonm sa a? Li-Li sanble tankou L conn de kisa L ap pale. Li pa pale tankou dèzòm òdinè."

309 "M pral tandé L." Te mache desann la a, ou wè. Ya, Bondye-Bondye pat ka janm rive sou li.

Epi men L te kanpe anba la a, epi L te di...

Yo te di: "Kounye a gade la a. Gade la a. Men yon nonm vin la a. Men youn nan disip Li yo. Men yon nonm vin sot anwo kounye a. Kounye a, non mesye sa a, se Andre. Nou sonje. O, nou sonje ansyen moun lapèch yo anba isi a? Se yo. Ya, men-men Simon, frè I la. Ou wè? Epi sa se-sa se pitit vye Jonas. Kounye a men yo...Gade, li-l ap mennen yon moun anlè ba Li. Kimoun li ye? Ya, ou wè kisa L pral fè kounye a. Li se-li se pwochen an anwo la a." Epi I mache monte.

Epi L te di: "Non w se Simon, e w se pitit gason Jonas."

310 "Nonm sa a se Bèlzeboul! Ou wè, Li gen kèk kalite lespri sou Li. Li s on Kanmarad dwòl. Ou wè? Kontinye tou dwat, piga nou tout koute anyen kon sa, ou wè. Ret lwen la a. M pa tap patisipe nan reyinyon sa yo ankò, ditou, ou wè. Jis osito bagay sa a fini, n ap sot isi a. Nou pap janm al lwen, nan viwonn isi a ankò." Ou wè? Poukisa? Kounye a, se sa l te panse, e poutan li te sipoze sila a. Gade, sila yo memm ke L vini pou yo a se te sila yo ki te klouwe L sou lakwa. Ou wè?

311 Men te g on ti pwositye ke tout moun te choute deyò! M pap apwouve pwostitisyon. Non, se vre! Men m jis ap montre nou Semans predestine an.

312 Gad patnè sa a isi a, ansyen moun lapèch sa a, èske l pat ka... Bib lan te di li te san lenstriksyon. Èske se vre? Pa sèlman sa a, men li te iyoran. Kounye a, èske se vre oswa se

pa vre? O, si n te ka jis vin iyoran pou anpil bagay sa yo ke n panse n konnen. Ou wè? Trè byen. Ou wè, li te toude ni iyoran ni san lenstriksyon. Epi apre l te mache monte la a nan Prezans Seyè Jezi a, epi L te di l kimoun li te ye. Lè sa a menm sa te regle l.

313 Kounye a, kisa k lòt agiman kanmarad sa a kont sa? "Ebyen, gade, li te kwè l. Gad kimoun li ye. Nou konn kimoun sa ye. Ebyen, nonm sa a pa janm..Pouki-pouki, li son moun lapèch. Pouki, li pa konn ABC li. M te achte pwason nan men l; li pat menm ka siyen yon resi pou mwen. Sa a, ou wè, se jan de bagay sa a! Se jan de moun ki koute bagay kon Sa." Mèsi pou Seyè a. Amèn. Ou wè? "Pouki-pouki, li pa...Gad papa l; li son iyoran. Li pat menm voye yo lekòl." Men se sila a Li te voye lekòl; te anseye fason L te vle l la.

314 M pap soutni pou pa al lekòl, kounye a. M espere n konprann. Men gen jis yon tip, ou wè, sa n jwen nan sa. Se kalite a sa, epi rezon l pase sou tèt yo.

315 E nou konn kisa? Pa youn...M ta, di pa g on tyè de tout Jwif yo nan peyi an ki te janm konn anyen sou Limenm k ap vini. Epi-epi, lè sa a, yon-yon senkyèm de yon tyè te koute L. Epi, apre, yon santyèm de yon senkyèm te resevwa L. Nou konn konbyen moun Li te genyen. Li te gen douz ki kanpe nan kwa a, sot nan gwoup la an antye. Kote rès ladan yo? Ou wè? Swasanndis lan t ale.

316 Kounye a, pandan L tap geri malad yo, epi jis ap desann, pa di anyen sou Doktrin Li; Li jis al pi devan, ap geri malad yo ak tout bagay. O la al! Sa, sa se te Lespri Bondye sou Li. Èske n kwè sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Lè L t ap geri malad yo, mèveye! "Sa s on gran Raben. Hey, nou tout frè yo, nou tout ta dwe genyen L nan legliz nou. Gason, w ap pale de pwisans, Patnè sa a ka vrèman geri malad yo! Nou ta dwe wè. Li g on don gerizon."

317 Ebyen, byensi, yo pral gen kèk imitasyon de sa. Men yo vin la a, paske chak gwoup dwe gen pwòp nonm li.

Men L vini. Epi apre, premye bagay ou konnen, yon jou Li te chita.

"O, sèten, Raben, nou prale avè W."

318 "Trè byen, chita. Ann ale." Trè byen, te voye swasanndis yo, e latrìye.

Apresa yon jou, apre yon gran mirak te fèt, Li chita epi L kòmanse pale Pawòl la ba yo, ou wè. "Nan kòmansman son de..." Trè byen. Li kòmanse pale Pawòl la ba yo, Verite a.

Yo te di: "Ah, kounye a, tann on minit! Hum! M pa konn Sa a." Li kontrè a doktrin yo. Di: "Ebyen, m konnen nou te kite sinagòg lan ak tout bagay kon sa, men petèt nou-nou te nan lerè, frè. Pito n ta retounen, paske Nonm sa a pale nan mistè. Li s on jan de Kanmarad dwòl.

M pa ka konprann Sa a.” Ou wè? Kisa sa te ye? Semans lan pat predestine depi nan kòmansman.

319 Apresa, premye bagay ou konnen, Li te g on ti gwoup ministeryèl, epi te pale ak minis yo. Yo te di: “Ah! Hum! Pito n retounen, tou, epi retounen epi antre nan òganizasyon an, pran papye nou ankò, ou wè. Paske, Patnè sa a, pouki, kimoun ki ka konprann yon Nonm kon sa? Li di sa a isi a, epi L di sa a bò isi a. Ah!”

320 Lòt sa yo pat konprann Sa kon sa. Li t ap montre mistè bay kèk nan yo, men pa bay lòt yo.

Kidonk yo te mache ale. Apresa L te vire tounen epi L te gade douz yo kanpe la a. Te di: “Nou vle ale, tou?” Ou wè?

321 Kounye a gade. Pyè te di: “Ou konn kisa? M te patisipe nan vye kote sa a anba la a tout tan sa a. Ki kote nan mond lan m ta prale? Ki kote m ta prale? Ki kote-ki kote m ta ka ale? Apre m te fè yon travay isi a...E m pa ka tounen nan poubèl sa a ankò, kote tout kalite malpwòpte nan mond lan lonje ladan l. Ou wè? Mwen-mwen...Ki kote m ta prale? Mwen-m jis pa ka fè sa.”

322 Li te di: “Alò, dakò, vini, ann ale.” Kounye a, men li. Ou wè? Kijan se te sa, lè sa a? Douz soti nan apeprè de milyon edmi. Epi Sovè mond lan, sot nan dè milya, poutan enb, ou wè. Jis rete enb. Gade.

Kounye a, ak tout Farizyen sa yo; epi ti pwostitye sa a monte la a. Li te di: “Hey, Ou dwe yon pwofèt! Kounye a, nou konnen ke Mesi ap vini, epi lè L vini L ap fè sa.”

Li te di: “Mwen se Li.”

323 Li te di: “Se sa,” epi l t ale. Eseye kanpe l yon fwa? Nou pa ta ka fè l.

203. **Frè Branham, salitasyon nan Non Seyè Jezi a. Tanpri eksplike kimoun mesye a, nan Matye 22:11, mesye ki pat met on abiman pou maryaj, met abiman maryaj. M konnen mesye sa a te ka-pat ka antre nan Syèl san mete abiman maryaj la. Se te yon envite, m konnen, pa Epouz la.**

324 Wi, se vre. Li tap on...Ya, li te jis glise antre. Ou wè? Kounye a gade. Kounye a, mwen...Sa te ka pran yon predikasyon an antye sou sa.

Kounye a m gen dis minit, pou priye pou malad yo epi fini ak sa a. E m g on mwatye nan yo ki fèt, m imajine. Remake. Men m-m pral prese, egzak, se sèten, apre sa a. Ou wè?

325 Men sa k te rive, si nou konn koutim oryantal yo. Ou wè? Lè yon lemarye distribye envitasyon pou nòs li, li jis distribye tan kantite envitasyon. Epi pou chak envitasyon l te voye, li te g on pòtye ki kanpe nan pòt la, pou met on rad sou li. Ke l te pòv, oswa kèlkeswa sa l te ye a, li te dwe...si l te rich oswa pòv, kèlkeswa sa sa te ye, limenm, tout, te dwe met abiman nòs sa a.

326 Lè yo te kanpe nan pòt la, yo te met sa a sou li, li te kouvari sa sa k te sou deyò l la te ye. Li envite, ke l s on milyonè oswa ke l s on malere, ke l s on fèmye, moun kap fouye twou, oswa kèlkeswa sa l ye a, oswa yon grannèg pwisan, li-li isi a ak rad la sou li kounye a. Paske, yo met rad la sou li nan pòt la, lè l antre anndan nan pòt la.

327 Kounye a, pran Sen Jan 10, m kwè se sa, Li te di: "M se pòt la." Ou wè? "M se pòt la ki antre...ke w antre pa li." Kounye a la a li kanpe nan pòt la, e men Nonm lan ki pou mete rad la sou li, Sentespri a, pou ba li rad jistis la lè l antre.

328 Kounye a, nonm sa a te vin pa kèk òganizasyon, dèyè nan fenèt la bò isi a, kèk twou k glise antre. Epi l t antre sou tab la epi te chita. Epi apre lè Lemarye vini epi gade nan viwonn lan, li t on...li...Sila yo te dè kannan dwòl, anvan, kounye a li se kanna k dwòl la. Ou wè? "Kisa w ap fè isi a kon sa, san batèm Sentespri a ak tout bagay sa yo? Kijan w te janm fè antre isi a?" Ebyen, li antre yon kote sou kote pòt la. E l vini san bon envitasyon an. Ou wè? Li vin pa kèk sistèm edikasyon, ou wè, oswa yon bagay kon sa. Li t antre.

329 Epi L te di yo: "Mare yo, men ak pye; jete l deyò sot isi a, nan fènwa deyò yo, kote pral gen rèl, ak jemisman, ak manje dan." Ou wè? Li t al nan peryòd Tribilasyon an. Ou wè? Li pat antre pa pòt la. Kidonk, trè byen. Kesyon:

**204. Èske Eli nan Malachi 4 la se menm ak Eli ki te mansyonen nan Apokalips 11:3? E èske lòt temwen an se...Èske de lòt temwen yo se endividé diferan, diferan?**

330 Wi. Eli nan Malachi 4 la se pap Eli nan Malachi 3 an. Nou t al nan sa a, yè swa. "Epi èske lòt temwen an diferan, de nan yo?" Wi, mesye, Moyiz ak Eli; pou revelasyon nou. Kounye a, m pa vle kenbe nou isi a twò lontan.

**205. En Wa 19, Frè Branham, mwen kwè kantite moun ki pat plwaye jenou a te sè...**

331 Wi, se vre. Sètsan olye de...Mèsi. Sa kòrèk. Se te sètsan olye de sèt mil... "Frè Branham..." Sèt mil olye de sètsan. Kounye a, wè sa?

332 Nou konnen, vrèman, lè on moun vin kon sa, pou-pou preche...M vle mande nou on bagay, kounye a, konsa n ap konprann.

Lè Eli an te vin sot nan zònsovaj la, li te g on mesaj. Li te pile mache dwat sot nan zònsovaj sa a, epi desann dwat epi te di wa sa a: "Lawouze pap menm tonbe sot nan syèl la jouk m rele pou li." Sa se pawòl li te genyen. Epi l te pile mache tounen soti dwat, epi l pat di pèsòn anyen. Ou wè?

333 Lè l te g on lòt mesaj, li desann dwat epi l te di mesaj sa a. Epi l te vire do l dwat, li te tounen nan zònsovaj la. Ou wè?

334 Kounye a, si n ap gade, lè m te met wòch nan kwen an anba tabènak sa a, Li te di: "Fè travay yon evanjelis." Epi kounye a lè a ap vini lè travay sa a ap separe. G on lòt bagay k ap pase. Lè sa a m tèlman...Ou wè?, m rive isi a epi m eseye fè evanjelis epi yon lòt bagay, epi wè kote nou ye? Ou wè? Nou...O, m-m ap tann ke legliz la espirityèl ase pou konprann.

**206. Frè Branham, m konprann ke Eli dwe la a twa fwa. Ou di nou ke l te déjà la a de fwa, epi l ap vin ankò. Kounye a, èske moun lan, ke lespri Eli a pral sou li a, l ap de temwen de Moyiz ak Eli a tou lòtbò la a?**

335 Non. Non. L ap on Moun lòt Nasyon, ou wè, pou Legliz Moun lòt Nasyon yo. Bondye toujou voye, bay pwòp moun li yo, ou wè. "Li te vin jwen Pa L Yo; Pa L Yo pat resevwa L." Li toujou voye Pa Li, Mesaj lè a.

336 Lè Bondye t ap trete ak Jwif yo, pat gen okenn pwofèt Moun Lòt Nasyon ki vini. Lè Bondye t ap trete ak Moun lòt Nasyon yo, pa g okenn pwofèt Jwif. Lè Bondye vire tounen kot Jwif yo, pap g okenn pwofèt Moun lòt Nasyon. Ou wè? Wè sa m vle di? Trè byen.

#### **Apre Anlèvman an pase...**

337 Kounye a, pral g on tan youn monte sou lòt, byensi, yon Mesaj k ap pote lòt la. Li dwe antre dwat kon sa, nou wè, janm te eksplike sa, ou wè; tankou Pòl pou Moun lòt Nasyon yo, e latriye. Trè byen.

**207. Apre Anlèvman pase, èske pyès nan legliz la pap sove nan fen an, ki pat pran nan Anlèvman an?**

338 Non. En-en. Paske, San an te fin pati. Nou wè, pap gen okenn entèsesyon. Laj Moun lòt Nasyon yo fini. Pap gen okenn moun ki sove apre Anlèvman an, oswa okenn nan legliz la, en-en, legliz la. "Kite sila a ki degoutan, toujou degoutan; sila a ki sen, toujou sen." Ou wè? Sa pap pase, ou wè, pa apre ke Legliz la pati.

**208. Frè Branham, m te remake ou, referans ou nan swasanndis semèn Danyèl yo sou Mesaj Premye So an. M konprann, sou Danyèl, sou kasèt Danyèl la, lè Levanjil**

**la retounen bay Jwif yo, swasanndis semèn yo ap kòmanse. Èske g on swasanndis...yon semèn, set an, ki rete pou Jwif yo? Oswa, èske gen sèlman yon mwatye semèn, yon twazan edmi ki te rete pou yo?**

339 Sèlman yon mwatye semèn. Jezi te pwofetize, premye mwatye semèn lan, jan sa te predi. Sèlman yon mwatye semèn ki te rete pou yo.

**Frè Branham, kòm ou pat priye pou malad yo pandan semèn lan, èske w pral...?**  
(Sa se jis yon rekèt pou sa.)

**Frè Branham, èske w vle wè m apre sè-...? (Sa s on rekèt, ou wè, la a.)**

209. **Èske w ta vle eksplike tanpri sou Satan ki mare pandan mil an, epi k ap lage pou batay la-batay nan Apokalips 20:8? Ki rapò sa genyen ak Batay Amagedon an jan sa mansyone nan Katryèm So an? Èske Gòg ak Magòg ap rasanble sot nan moun nan nouvo tè a?**

340 Ebyen, sa se youn ki long, e mwen-m ap jis dwe manyen pwen I lan, ou wè. Kounye a, premye bagay la: “Èske...” Kounye a, petèt m pa ka eksplike I. M ap fè tout posib mwen.

**Èske w vle tanpri eksplike kijan Satan mare pandan mil an, ap lage ankò pou batay Apokalips 20:8 la?**

341 Sa se pa Batay Amagedon an. Batay Amagedon an pase sou bò sa a, ou wè, trè byen, nan lè peryòd Tribilasyon an te fini.

**Kounye a, ki rapò sa genyen ak Batay Gòg ak Magòg la?**

342 Okenn. Youn se mil an sa a, epi lòt la se fen-fen mil an an.

**...jan sa te mansyone nan Katryèm So a? Èske Gòg ak-èske Gòg ak Magòg ap rasanble sot nan moun sou nouvo tè a?**

343 Satan te lage sot nan prizon, epi t al rasanble tout moun yo, mechan yo, pou mennen yo nan plas sa a. Epi Bondye te fè dife ak souf tonbe sot nan syèl, epi yo te boule, ou wè. De batay, antou. Kesyon:

**210. Konsènan swasanntuit milyon legliz Katolik Women te touye an, ki moman nan listwa sa te pase? Epi sou konbyen peryòd tan sa te pase?**

344 Pran *Refòm Glorye Schmucker* a. M imajine kèk nan save sa yo gen sa a. E se istwa legliz la. E m blyie kounye a nan ki paj li ye, men sa te pase depi nan tan de-de...bagay la te fèt, oswa te bay legliz la, pa Sen Augustin nan Hippo, Afrik. Se te 354 apre Jezikri. Epi sa te

dire jouk 1850, masak Ireland lan, ou wè. Kifè peryòd sa se depi 33 apre Jezikri oswa 30 apre Jezikri...354. Kite m pran sa byen, kounye a, ou wè. De 3-5-4 rive-rive 1-8-5-0 apre Jezikri, 1850, selon listwa, te gen swasanntuit milyon Pwotestan yo te mete pou mouri, ki te anrejistre nan matiwoloji Women an, poutèt yo pat dakò ak pap Wòm lan. Sa se listwa. Si n vle di se pa vre, ebyen, alò, petèt George Washington pat isi a, oswa Lincoln. Nou konnen, okenn nan nou pat viv anvan pou wè l. Men m kwè yo te isi a, tout jan. M wè siy ke yo te isi a.

**211. Frè Branham, chapit 19 nan...ak vèsè 18 la: “Poutan M te kenbe pou mwen sèt mil nan Izrayèl, sèt mil nan Izrayèl, tout pat koube pa yo... koube bay Baalim, e tout bouch...oswa-oswa koube bay Baal, e tout...ki pat bo l, bouch ki pat bo l.” Tanpri eskplipe m sa, sou-sou sèt san an.**

345 Se te sèt mil. Ou wè? Epi sa a, “bo Baal,” èske nou pa konnen...Konbyen moun isi a te Katolik anvan? Sèten. Ou wè? Nou bo imaj yo. Ou wè?

346 Epi, sonje, nan tan Babilòn ak Nèbikadneza, lè wayòm Moun lòt Nasyon yo te parèt, ou wè; lè wayòm Moun lòt Nasyon yo te parèt, li antre pa adorasyon yon òm. Nèbikadneza te fè estati yon òm. E si nou g on lespri espirityèl, kounye a koute revelasyon sa a. Lespri sa a, nonm sa a ke l te fè yon revelasyon de li, oswa te fè yon imaj de li, pa revelasyon li, se te Danyèl, yon òm reliye ke yo t ap adore. Ou wè li? Paske, li te rele l Bèlchaza, se pa vre? Oswa, Bèlchaza, ki se non bondye li. Epi l te f on imaj de bondye sa a, ki te imaj Danyèl la. E Danyèl te refize koube bay pwòp imaj li. Ou wè? Ou wè?

347 E men li ankò, ou wè. Kounye a gade. Wayòm Moun lòt Nasyon yo te parèt, nan jou Babilòn yo, pa Wa Nèbikadneza; yon wa Moun lòt Nasyon, k ap mete legliz ak leta ansanm, nan pran yon im-...sen... oswa yon imaj yon nonm sen, epi ap fòse pou adore l. Wayòm Moun lòt Nasyon yo fini nan pye l, ak ekriti men sou miray la, pa yon pouvwa politik ki te reyini legliz ak leta ansanm; pou fòse bo dè imaj ankò, nou wè, menm bagay, imaj yon nonm sen. Sèten.

**212. Frè Branham, lè Anlèvman sa a pase-lè Anlèvman an pase, èske jenn timoun yo ki pa konn byen ak mal pral nan Anlèvman an?**

Si non yo ekri sou Liv la. Wi. Se vre. Ou wè?. Trè byen.

**213. Frè Branham, ou te di yè swa ke...te gen sèt san moun ki te sove, ki tap sove sou predikasyon Eli a. Ou te vle di sèt mi-...?**

348 Wi. Se vre. Tanpri padone m pou sa, ou wè. Se kòrèk, ou wè, mwen te fè l.

**Frè Branham, èske w vle entèprete...Apre ou louvri...Frè Branham, èske (d-e-s-p-e...) dispansasyon an-an...**

Eksize m. “Èske dispan-...” Kounye a, se pa ou. Se mwen, ou wè.

#### 214. Èske dispansasyon lagras la fini, apre ou louvri Setyèm So an?

349 M espere ke non. Non. Non. Zanmi, pa mete sa nan tèt nou kounye a, wè. Jis kontinye chemen w. Plante pòmdetè, e ale legliz, epi tou dwat. Si sa pase demen maten, kite yo jwenn ou ap fè egzakteman sa w sipoze fè. Pa-pa kòmanse...

350 Wè, lè ou fè sa, ou detounen bagay la de objektif li. Ou gen ti panse patikylye, e ou gen pwòp lide w sou bagay yo. Pa pran pwòp lide w. Senpleman, lè ou chita e ou tandem bagay konsa, di: “Mèsi Seyè. M jis pral mache on ti kal pi pre W.” Wè? “M pral mache...” Pa kite travay ou epi di: “M pral vann tout bagay.”

351 On nèg kouri antre, isit la, lòt jou a, soti Caroline di Nò, jis anvan nou kite. Epi I di: “Glwa pou Bondye! Èske ou ka di m, kote gran entèl ye?”

Epi m di: “Non.”

352 “Oh, wi, msye,” li di: “Nèg sa gen...” Li di: “Nèg sa a se prezidan Misyon Odyo a.”

M di: “Le kisa?”

Li di: “Misyon Odyo.”

Epi I di: “Oh,” li di: “nèg sa a se prezidan an.”

M di: “Kijan ou di l rele?”

353 Li di: “Branham, m kwè. On bagay konsa, Brown oubyen Branham.”

Mi di: “Eben, non m se Branham.”

Li di: “Èske ou se prezidan Misyon Odyo a?”

M di: “Non, msye.”

Li di: “Eben, kote Milenyòm lan?”

M di: “M pa konnen.”

354 Li di: “Men, ou se... Ou-ou vle di ke sa-sa-sa-sa ap rive la a, e ou pa konnen?”

M di: “Non, msye, m pa konnen.”

355 Li di: “Eben, glwa pou Bondye!” Li di: “M gen kèk-kèk zanmi ki vin di m,” epi I di : “M kite travay mwen.” Li te gen rad travay li sou li toujou. Li di: “Frè, m vle Milenyòm lan.”

356 Epi m di: "Eben, mwen-m kwè ke ou on ti jan melanje, pa vre, frè?

357 Apeprè a moman sa a, on machin rive, on taksi. Li di: "Tann! Tann! Tann!" On ti dam vini, li di: "Kounye a, ou pral priye pou mari m."

M di: "Wi, madam. Kisa-kisa k genyen?"

358 Li di: "Eben, m konprann fòk ou tann on mwa pou on entèvyou, wè, pou yo lapriyè pou ou."

Epi m di: "Kisa?"

359 Epi I di: "Wi, msye." Li di: "Men mwen dezespere. Fòk ou priye pou mari m."

M di: "Sètènman. Kote li? Mennen li."

360 Nèg sa ki te kanpe la a, tap gade, li di: "Èske w lapriyè pou malad yo, tou?"

M di: "Wi, msye."

361 Li di: "Kijan ou di w rele, Branham?" M di... "e ou pa konn anyen sou Milenyòm lan?"

362 M di: "Eben, mwen... Non, m pa konnen." M di: "Mwen-m pa konprann li. Jis sa k nan Bib la."

363 Li di: "Non, se kounye a. Moun vini de tout kote."

M di: "Kote l ye?"

Li di: "Jeffersonville, Indiana, jis anba pon an."

364 M di: "Msye, mwen depase." Epi m di: "M pa konn anyen sou sa." M di: "Annou antre e chita. Petèt ke nou ka pale de sa ansanm." Se sa nou fè, wè.

365 Pa, pa, nou wè, zanmi, pa jam vle genyen on ministè. Nou konn sa m vle di. Wè? W ap pi kontan kote ou ye a. Wè? Jis kontinye chemen w.

## 215. **Apre Anlèvman Epouz la, ki lè legliz la, ki te gen**

**pou pase atravè peryòd Tribilasyon an, pral parèt nan jijman? (Li pa parèt nan jijman...) Èske se anvan ou apre Milenyòm lan?**

Pou "egliz la." Oh, eskize m. Padonnen m, moun ki ekri sa a. "Ki lè legliz la ki...?"

**Apre Anlèvman Epouz la, ki lè legliz la, ki te gen pou pase atravè peryòd Tribilasyon an, pral parèt nan jijman an? Èske se apre ou anvan...?**

366 Apre! "Lòt mò yo pat viv pandan mil an," sa yo ki pat ale ak Epouz la. Ann wè:

**216. Ou di plizyè fwa ke Bondye te mennen**

**kominis la, pou sèvi kòz Li, tankou wa Nèbikadneza. Kounye a, ki plas kominis la nan tablo ki pral... li finalman... li finalman pral fè? Kijan sa a fini? Anpil entelekyèl kwè ke, nan wayòm ki nan nò a, Gòg ak Magòg ki mansyone nan Ekriti yo, desann atake Izrayèl nan-nan...(m pa rive konprann sa sa ye. Wi. Wi.) M kwè, nan... kèk nan kasèt yo di ke, ou di ke li pral finalman lage on... kominis sa a pral finalman detwi Katolik la, ou Vatikan an, pa on eksplozyon. Èske se vre?**

367 Wi. Apokalips16, wap jwenn li, epi Apokalips 18:8 epi 12. Si moun lan la a, si l vle pran moso papye sa a, ak sa a, wap ka verifye l touswit. Wi. Wè, "Malè, malè gwo vil la! Li vin detwi an inè." Nou wè, machann yo, ak tout lòt bagay, ki te mennen machandiz ba li. Se sa k pral rive. Se vre. Epi pa...

368 Jis sispann, jis blye afè kominis la. Wè? Se pa anyen lòt nan mond lan, ke yon bann moun ki pa anyen lòt ke de sovaj ki-ki mechan. Son sistèm. Kite m montre nou on bagay, jis pou montre nou kijan l senp. Men, gen sèlman on pousan de tout Larisi ki kominis. Yo bezwen on mesaje. Wè? On pousan; alò, katrevendis-nèf pousan nan yo toujou sou bò Kretyen an. On pousan, men kijan on pousan ka kontwole katrevendis-nèf pousan? Sa a ta dwe banou eksplikasyon an, touswit. Si Bondye pat pèmèt li, bon, eben, yo tap chase yo depi lontan. Wè? Sètènman.

**217. Frè Branham, ou di ke Wòm ta ka pran**

**gouvènman Jwif la nan dènye twazan edmi yo. Èske se pral premye twazan edmi Tribilasyon an, ou èske lap dènye twazan edmi a. Èske sa a kòrèk?**

369 Se pral dènye twazan edmi a. Se sa. Pa premye a, paske li deja pase.

M gon lòt apre sa a:

**218. Frè byeneme mwen, èske Eli nan Malachi4:5**

**pral nan zòn sovaj, menm jan 1 Wa 17 di nou ke lòt Eli a te fè?**

370 Eben, m pap di egzakteman ke lap fè l, ke l pral nan zòn sovaj. Men lap konsa, nou wè, li te... Elize ak Eli, èske nou remake? Pifò moun ki konsa, se moun ki izole; yo, yo izole tèt yo de moun. Yo trè etranj. Yo pa frekante twòp moun.

371 Nou remake kijan Elize te ye, epi Eli, epi Jan Batis, e nati lespri sa a, nou wè. E yo pa... Li-li, m kwè ke moun sa a pral renmen dezè a, e petèt ke lap rete nan dezè a. Men, kounye a, jis pou di ke li pral viv poukонт li nan zònsovaj, m pa konnen. Gende fwa yo te fè I. Elizi pat fè I, men Eli te fè I. E apre, Jan, li-li te viv nan zònsovaj.

372 E, li difisil pou di, lòt pwofèt sa yo, lè yo pral nan Jide la a, m pa konn ki bò yo pral rete. Petèt ke yo pral kanpe on kote sou mòn lan. Ou-ou, sa yo pral fè nan tan pwofesi yo, mwenn-mwen pa konn sa yo pral fè.

Men ou... Men sa map eseye di a. "Yo, èske yo, èske yo pral on-on-on...? Yap eseye mande: "Èske yap de moun ki rete sèlman nan zònsovaj?"

373 Eben, yo tap oblige ale nan nò Kolonbi Britanik pou jwenn, on kote, on zònsovaj ki ase gran, pou rete ladann, nou wè. Alò lap on moun... Tout pyebwa yo koupe. Wè? Pa gen anpil dezè k rete. Wè? Alò, sèl bagay la, yo te ka renmen zònsovaj, wè, e petèt rete anpil nan zònsovaj, e yap... ou ka remake nati ke yo genyen, se pa fè konpwomi, wè, e nap-nap konnen I lè lap vini. Wè? Nap wè I; nou, je nou klè.

374 Kounye a, men youn, m pa konn kijan pou m abòde I. E m gon lòt jis anvan sa a, e apresa map mande yo pou yo kanpe anrejistreman an pou on moman.

### **219. Si Bondye se yon pèsonalite, poukisa oswa kouman L ka ap pale ak Pwòp Tèt Li sou Montay Transfigirasyon an?**

375 Ebyen, mwenn fèk sot eksplike sa, ou wè. Ou wè? M ta renmen mande w sa a. M pral...Kan Jezi t ap priye Papa a, ou wè.

/Frè Branham kòmanse ap pale a on frè ki nan kongregasyon an--Editè a./ Mwen kwè ou gen batèm Sentespri a. Pa vre, frè? Ou pata vle kanpe jis on minit. Ou deklare ke w posede batèm Sentespri a? /Frè a reponn, "Wi, mesye."/ Mwen menm, tou. Alò, kisa sa vle di? Bon m pa pretann ke m gen pouvwa a--a nan mwen menm pou devwale mistè sa yo. Mwen pa gen pouvwa pou geri malad. Se Bondye.

376 /Frè Branham kontinye ap pale ak frè a ki nan kongregasyon an--Editè a./ Kounye a m vle mande w. Èske...Sentespri sa Li abite nan ou. Èske se sa? /Frè a di, "Se sa."/ Èske w pale avè L? /"Wi, mesye."/ Ou pale avè L? Adrese priyè w a Li? Dakò. Se tou sa m te bezwen. Mèsi, bokou.

Ou wè? Kounye a nou sezi I? /Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a./

377 [Frè Branham kontinye ap pale ak frè an nan asanble a—Editè a.] Kounye a m vle mande w. Èske...Sentespri sa a abite andedan w. Èske se vre? [Frè a di: "Se vre."] Èske w pale avè L? ["Wi, mesye."] Pale avè L? Priye ba Li? Trè byen. Se tout sa m vle. Mèsi, anpil.

Ou wè? Kounye a nou konprann li? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

378 M ap mande youn. Kouman sa fè ke lè...Jezi, nan Jan 3, Li te di, "Lè Fis de lòm lan va la, Li menm ki nan Syèl la kounye a." Ou sezi? "Kounye a nan Syèl la; va re-...vini sou tè a." Ou wè? "Fis de lòm lan ki nan Syèl la kounye a," epi men Li ki te kanpe drèt la ap pale ak moun lan. Bon reponn mwen sa a. Jezi ak Papa a se te on sèl menm Moun lan.

379 Jis menm bagay ak Sentespri a nan mwen; n ap gade m k ap preche, men se pa mwen.

Se pa mwen ki ka pwononse yon mo ki te ka mennen, jan nou konnen an, on animal; ki te chita la epi ap gade I, epi touye animal la epi manje I. Sa se pouvwa pou kreye. Sa pa repoze nan yon èt imen.

380 Se pat mwen ki te ka pran on ti gason la, ki te kouche...Doktè yo te etann li sou do, ak pwoblèm kè, aswè a. Epi ap di, "Ensi di William Branham"? Non. "ENSI DI SEYÈ A, se te fini." Epitou mennen I bay doktè a, jou apre a, e sa te pati.

381 Yon timoun avèk lesemi, jouk zye I yo te soti, epi jòn toupatou, lestomak la; jiskaske yo te mennen I lopital, pou yo te ba I san ak tout bagay, pou yo te ka menm mennen I isit la. E nan senk minit, li t ap kriye pou yo ba I yon anmbègè! E lè yo te mennen I tounen bay doktè a, jou apre a, e li patka jwenn yon tras. Se "Ensi di William Branham"? Se "ENSI DI SEYÈ A!" Poutan, Li se yon endividé diferan de mwen, men sèl fason Li eksprime I se atravè mwen. Ou wè?

382 Se konsa Jezi ak Papa a te ye. Jezi di, "Se pa Mwen ki ap fè zèv yo; se Papa M ki abite nan Mwen."

Kounye a, "Fis de lòm lan pral monte nan Syèl, pandan kounye a Li nan Syèl." Ou wè? Kisa sa te ye? Li te omniprezan paske Li te Bondye.

383 Bon, lòt sa a, mwen--mwen vle di kesyon sa yo.

### **Eksplike de kisa ou t ap pale...**

/Espas vid sou anrejistreman an. Yon pwofesi te bay--Editè a./

Mèsi, Bondye Papa. Nou remèsye W pou Espri a, Èt Ou ki la. E yo te di nou, Papa, ke yon fwa, lè, la, enmi an t ap antre, e Lespri te tonbe sou yon nonm e li te pwofetize, e yo te di

I. Sa te mete bagay la annòd, kote yo te konnen kijan pou yo te ale pou defèt enmi an, e ki kote pou yo te jwenn enmi an.

384 E mwen remèsyé W, Papa, poutèt Ou demere menm Bondye ke W te toujou ye a. Ou jis ankò menm lan. Nou chanje, e aj yo chanje, epi tan yo chanje, epi moun yo. Men Ou pa janm chanje. Sistèm Ou an se menm lan. Gras Ou se menm lan. Zèv Ou yo se menm lan, paske yo se bèle mèvèy, nan yon fason ki depase tout konesans lòm t ap janm konprann.

385 Kifè nou gen rekonesans, Seyè, poutèt sekrè W yo kache nan kè sèvitè W yo. E nou tèlman kontan pou sa, Seyè. Ke nou kapab avanse tankou Limyè k ap briye, pou...de yon plas ak yon lòt, ap eseye, avèk lanmou, pou--pou fè lòt antre; pou nou ka eksploré chak ti kwen, epi lanse filè a, pou nou asire nou ke nou atrape chak pwason ki pou Ou. E alò Ayo a va pran Epouz Li, pou I ka toujou rete bò kote L. N ap tann tan sa, atravè Non Jezikri. Amèn.

386 Konbyen malad nou gen la? Fè nou wè men w. Ebyen, sa sanble apeprè...Gade men w anlè ankò. Apeprè en, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis, onz, douz, trèz, katòz, kenz, sèz, disèt, dizuit, diz nèf, ven.../Frè Branham ak yon lòt moun kontinye ap konte dousman men ki leve yo--Editè a./ Karant sèt, apeprè karant sèt. Dakò.

387 Li onzè trant. Nou kapap priye pou malad yo kounye a menm; rezève aswè a pou--pou...Nou dakò, èske nou ta renmen fè sa? /Kongregasyon an di, "Amèn."Editè a./

388 Mwen kwè kounye a menm ta kab yon bon moman pou fè sa. Kite m di nou poukisa: Sentespri a, kanpe drèt la, ap bay onksyon. Bon, dapre kote nou te avanse nan Lespri sa kounye a, ou wè, e ou konsyan ke gen on Bagay, ou konnen ke gen on Bagay--Bagay ki prezan, ou wè. E si jamè ou ta dwe kwè, ou ta dwe kwè I kounye a menm. Ou wè? Si jamè ou pral kwè, se kounye a.

389 Bon, nou vle w jis vini vrèman trankil. E kite sila yo ki nan ranje sa la, ki te leve men yo a, soti kanpe nan ranje la, epi mache desann nan direksyon sa a. E apre sa n ap pran yo, ranje pa ranje. E yo jis karant senk--karant senk, karant sèt nan yo; sa pap pran twòp tan.

390 M pral mande Frè Neville pou I vini, desann jis la avè m, e nou pral priye pou yo.

391 Dabò, sa yo k ap vini kounye a nan ranje sa, jis kanpe on minit kounye a, pou nou kapab priye pou ou la epi poze men sou tout moun. Bon, se sa, jis tout moun ki pral vini nan liy priyè a, ou wè, sa yo ki pral vin nan liy priyè a. Ou wè? Bon--bon, ou wè, n ap sove tan, pou nou asire nou nou genyen I, nou pral priye pou ou kounye a.

392 Gade, zanmi. Kounye a kite m eksplike I ba ou. Jezikri te di sa, "Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè." Bon obsèvè. Li pat janm di, "Si yo priye pou yo." "Si yo poze men yo sou malad yo,

yo va geri!" E si Bondye ka pran yon ka enfayib lesemi, ak yon ti jenn fi ki patka gen fwa pou pwòp tèt li, epi geri bagay sa pafètman; si Li ka pran pwochen ka a, yon vyep ti gason, ki te tèlman byen geri ke doktè yo patka menm jwenn okenn tras lafyèv nan san I oswa nenpòt lòt bagay la; Kisa L ka fè pou ou? Bon, ti zanmi zwit sa yo, yo pa konprann sa lapriyè ka ye. Men jis poze men sou yo, e sa te fè travay la. Nou ka konprann li.

Bon, pandan nou kanpe, pou priye kounye a.

393 Papa nou nan Syèl la, ak grann Prezans Ou ki etale la, gran Sentespri a, Sila ke nou gen foto I la, Sila ke nou li nan Bib la, Li prezan drèt la kounye a. L ap revele Pwòp Tèt Li atravè chè imen.

394 Ala nou te wè L san fay yon sèl fwa, atravè lè zane, kapab revele menm panse nan kè imen, ap devwale peche yo te komèt, ap di yo egzakteman sa k te rive e sa k ta pral vini, san fayi yon sèl fwa! Alò, nou konnen ke Bondye Abraham, Izarak, ak Izrayèl la, demere Bondye ankò, nan Moun ki se Jezikri an.

395 E kounye a pa Espri Li ki ap desann sot nan Syèl, anba San ki te vèse sou Kalvè a, ki ap desann pami moun yo, pou manifeste L Limenm nan chè imen jis anvan mond lan boule; gran Sentespri a ki te reprezante nan chè imen. Moun presye sa yo ki te aksepte ekspsyasyon San an, e Sentespri a pran kontwòl èt yo, Li te reprezante nan chè imen.

396 Konsa, se pap chè imen an, se sèlman pou poze jès la, tankou nan batèm lan elatriye, avèk yon komisyon, ke, "Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè." Avèk men poze sou malad yo, Sentespri a va asire I ke yo va vin byen, si yo kwè. Kounye a, Papa, nou konnen ke bagay sa yo se verite.

397 Moun sa yo ki kanpe la, pral pase anba men minis ki resevwa Sentespri sa, e yo prè, Seyè, pou poze men sou malad yo. E nou konnen, Papa, ke si moun sa yo va sèlman kwè! Menm jan ak chak Pawòl Ou te pwomèt, sa dwe rive, konsa tou...E sa paka rive san lafwa, paske li enposib pou fè Bondye plezi san lafwa. Nou jis paka fè sa.

398 E kounye a ak lafwa, ap kwè, ak pwomès sa ki etann devan nou, ak So Bib yo ki te louvri pou nou, ke Bondye kenbe Pawòl Li! Ke moun presye sa yo, ki malad, Seyè,...e santiman m pou yo, antan ke èt imen nan yon kò mòtèl tankou pa yo a. E kounye a...menm Sentespri a ki abite anndan nou an, Seyè, abite nan yo. E nou santi nou dezole pou chak lòt yo. E poutèt nou konnen ke nouvèl Alyans lan nan novo San an...Si ansyen an te ofri gerizon, konbyen plis sila ki "nouvo epi pi bon" va fè? Papa, ke sa ka konsa, ke moun sa yo pa al fayi, men ke yo resevwa gerizon yo pandan y ap pase pa men sèvitè W yo, atravè Non Jezikri. Amèn.

399 Bon--bon, nou pral, kote sa pral chita, pandan lòt kote a ap pase. E apre sa kote sa va retounen, e lòt kote a...Kounye a, kèk nan nou frè ki la yo, ki pral kanpe. Mwen kwè nou se dè minis la, nou tout ki la.

Kote Doktè, Frè Ned? Èske w t ap patisipe nan liy priyè a, Frè ned? /Frè Ned Iverson di, "Wi. Mwen kanpe pou yon lòt moun."—Editè a./ Dakò, Frè Ned. Dakò. Menm kote nou fin priye pou ou a, glise drèt nan liy lan

400 Kounye a kite sila yo sou bò sa a bò *isi a*, jis chita jis on moman, epi m ap pran sila yo sou bò sa a. Apresa, apresa n ap desann epi pran ale ki nan mitan an, epi voye yo tounen nan direksyon sa a. Apresa pran ale sa a, epi voye yo nan direksyon sa a, epi n ap priye pou tout moun.

401 M pral mande Frè Teddy...Kote I ye? [Frè Teddy Arnold di: "Dwat isi a."—Editè a.] Trè byen. M vle w jwe la a: "Gran Doktè an toupre kounye a." Epi pyanis la, kèlkeswa kote w ye a, akonpaye I, si nou vle.

402 Koute, nou sonje moman kote sa tap jwe, epi yo te mennen yon ti gason sou lestrad la? Ti jennfi Amish lan tap jwe: "Gran Doktè an toupre kounye a." Li te gen cheve long, fonse, oswa-oswa cheve blon, pito, yon Menonit oswa yon jennfi Amis, youn ou lòt, lonje sou tèt li.

403 Epi Sentespri an te frape ti gason an, jis nan poze men; enfim nan pye I. Epi I te sote sot nan bra m, epi kouri desann nan lestrad la. Manman I te kanpe, epi te tonbe; yon Menonit, m kwè, pou kòmanse.

404 Epi Lespri Bondye an te frape ti jennfi Menonit sa a, oswa Amish, kèlkeswa sa I te ye an. Papa I avè yo chita la a, ak...rad yo sou yo, tankou Menonit yo, oswa kèlkeswa sa I te ye. Epi I te kanpe sote sot sou pyano an, ak men I yo anlè. Epi bèl cheve I yo te tonbe sou kote; li te sanble yon Zanj. Li te kòmanse ap chante nan Lespri a; epi jan I te fè sa, pyano an te jwe san rete: "Gran Doktè an toupre kounye a, Jezi konpatsian an."

405 Tout moun te kanpe la a, dè milye, ap gade nòt sa yo kap bouje monte desann: "Gran Doktè a toupre kounye a, Jezi konpatsian an." Moun te leve sot sou chèz woulant, sot sou kad, branka, te kontinye ap mache.

406 Menm Seyè Jezi sa a isi a menm, maten an, jis menm lan tankou Sa te ye lè sa a. Jis kwè kounye a.

Jwen chante sa a, si n vle: *Gran Doktè An.*

Kounye a ke tout moun priye.

Kite yo mache dwat nan sal la, desann dwat nan direksyon sa a, epi dwat nan chèz yo oswa kèlkeswa kote n vle ale a, antan n ap fè wout nou. Èske nou degaje dèyè la a? Trè byen. Kidonk, retounen dwat nan yon chèz, apresa n ap kanpe.

407 Kounye a koute. Pandan y ap priye pou sila yo, noumenm priye pou yo. Apresa lè nap priye pou nou, yap priye pou nou.

Kounye a, noumenm minis yo tout isi a, kanpe. Epi m vle nou poze men sou sila yo antan yap pase la a.

408 Kounye a, tout moun, tèt bese, epi kenbe tèt nou bese. Kontinye priye. Epi lè nou pase la a, lè sa a poze...yap poze men sou nou. Sonje, s on pwomès Bondye ki revele sekrè Liv Li, sekrè kè imen an. Li se Bondye k ap konfime sa, si n ap kwè l. Ou wè? Kounye a tout moun nan lapriyè.

Kounye a noumenm frè minis yo kanpe isi a, si n vle.

Trè byen, ann bese tèt nou.

409 Kounye a, Seyè Jezi, antan moun sa yo vini, ke Pwisans Bondye Toutpwisan an aktive lafwa yo imedyatman antan yo pase la a, tout nan Non Jezi.

410 Kounye a, trè byen, kite liy lan kòmanse nan direksyon sa a. Mande chak moun, poze men sou yo, noumenm minis yo, antan yo pase la a.

411 [Frè Branham ak minis yo kòmanse priye epi poze men yo sou chak moun k ap pase nan liy priyè a, antan moun ki sou òg la kontinye jwe *Gran Doktè An*—Editè a.]

Nan Non Seyè Jezi a!

M poze men m, nan Non Seyè Jezi an, frè m.

Nan Non Seyè Jezi an!

Bondye, akòde l bay sè m, Rosellan, nan Non Jezi.

Nan Non Jezikri!

Nan Non Jezikri!

412 Oumenm rete; gade sa a, jouk liy lan fini.

Nan Non Seyè Jezi a!...?...

Sonje, Li enb. Vini tou enb.

413 [Isi a yo ka tandé sèlman on pati nan pawòl Frè Branham yo, e yo pa sifi pou enprime panse konplè ki eksprime a. Liy priyè kontinye isi a pandan sis minit ak vennsenk segonn—Editè a.]

414 Pati blanch sou kasèt la. Frè Billy Paul Branham monte nan mikwo an epi di: “Èske noumenm moun yo nou ta vle deplase al dèyè a, tanpri? Èske noumenm moun yo ki kanpe nan ale sa a, nou ta vle deplase sot nan ale a epi al dèyè a? Kontinye al dèyè a, tanpri. Mèsi. Noumenm moun ki nan ale nan mitan an, èske n vle al nan viwonn lan, tou?” —Editè a.]

415 [Yo tandé sèlman on pati nan pawòl Frè Branham yo isi a, e yo pa sifi pou enprime panse konplè ki eksprime an. Liy priyè kontinye isi a pandan de minit ak ven segonn—Editè a.]

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, Frè Mitchell.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerison w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè m, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè m.

Resevwa gerizon w nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w.

Resevwa gerizon, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon, sè.

Resevwa gerizon, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè m.

Resevwa gerizon, frè.

Resevwa gerizon w, sè...?...

Resevwa gerizon w, sè...?...

Resevwa gerizon w, frè.

Resevwa gerizon w.

Resevwa gerizon w, frè...?...

Resevwa gerizon w, sè...?...

Resevwa gerizon w nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w.

Resevwa gerizon, sè...?..., nan men Jezikri.

Resevwa gerizon.

Resevwa gerizon...?...

Resevwa gerizon, frè m, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon.

Resevwa gerizon, sè...?...

Resevwa gerizon an, nan Non Jezikri.

Resevwa gerizon an, nan Non Jezi, Amèn.

Resevwa gerizon.

Resevwa gerizon.

Resevwa gerizon w.

Resevwa gerizon w.

Resevwa gerizon w nan men Jezikri.

416 [Frè Billy Paul Branham monte nan mikwo an epi di: "Nenpòt lòt moun ki vle nan liy priyè a? Èske n ta vle antre, tanpri. Si gen nenpòt lòt moun ki vle nan liy priyè a, èske n ta vle antre, tanpri."—Editè a.]

Resevwa gerizon w, frè m, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

417 Resevwa gerizon w, Sè Wood, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w...?...

Resevwa gerizon...?...

418 Resevwa gerizon, Sè Roberson, pa men Jezikri an.

Resevwa gerizon, frè m, pa men Jezikri a.

Resevwa gerizon, sè...?..., sot nan men Jezikri.

Nan Non Jezikri, resevwa gerizon w.

Geri I, nan Non Jezikri.

Resevwa gerizon, sè...?...

Resevwa gerizon w, pitit gason, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, sè, nan men Jezikri.

Resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Frè Weerts, resevwa gerizon w, frè, nan men Jezikri.

Sè, resevwa gerizon w nan men Jezikri.

Resevwa gerison w, frè...?...

Frè, pa Non Jezikri, resevwa...?...

Nan Non Jezikri...?...

Nan Non Jezikri...?...

Nan Non Jezikri Seyè nou an, resevwa gerizon w.

Nan Non Jezikri, resevwa gerizon w, frè m.

Nan Non Jezikri...?...

Nan Non Jezikri, resevwa gerizon w, sè.

Nan Non Jezikri...?...

419 [Frè Billy Paul Branham monte nan mikwo an epi di: “Èske se tout sa ki te vle yo priye pou yo kounye a?”—Editè a.]

420 [Frè Lee Vayle pale ak Frè Branham—Editè a.] Ke men Seyè Jezi a akòde w, Frè Vayle, rekèt sa a pou byeneme w la, nan Non Jezi.

421 [Frè Billy Paul pale ak Frè Branham--Editè a.] Billy Paul, pou kantite kat ou distribye, kounye a resevwa gerizon w, nan Non Jezikri.

Gran Doktè a la isi a kounye a,

Jezi konpatisan an,

Li rekondòtè kè ki nan lapèn,

O, tande vwa Jezi.

Nou tout ansanm:

Non ki pi dous nan chan yon serafen,

Non ki pi dous nan bouch yon mòtèl,

Chante ki pi dous ki pa janm chante

422 Bondye, sou bèl ti koup sa a ki mete nan mond lan, youn nan...?...Pèmèt ke yo resevwa demann yo, Seyè, nan Non Jezikri.

423 ...?...nan Jezikri, se pou moun ke sè nou an genyen nan lespri li a kounye a menm, se pou pwisans Bondye akonpaye rekèt sa a. Se pou li delivre. Akòde li, Seyè. Amèn.

424 Seyè Bondye, nan Non Jezi, reponn demann mesye sa a. Mwen priye pou li, Seyè, avèk priyè m. Amèn.

425 O, èske se pa mèveye! [Kongrgasyon an rejwi epi di: "Amèn."--Editè a] Mwen kwè ke si chak moun ki vin isit la, maten an, anba onksyon fòmidab sa a, mwen--mwen kwè si ou jis...Bon piga w chache kèk gwo bagay. Jis sonje bagay ki senp lan pou w kwè sa Li pwomèt la.

426 Kounye a annou tout di l ansanm. [Kongregasyon an repete apre Frè Branham--Editè a.] Nou p ap chache yon bagay ki gran, men nan Non Jezi, nou resevwa pwomès Li.

427 Se regle. Sa regle kesyon an. [Kongregasyon an di: "Amèn," epi li rejwi avèk anpil bwi--Editè a.] Amèn! Bondye beni nou!

